

MUTUNGAMIRIRI



Ishe vakuropafadzei, Hama Neville.

Tine mufaro zvikuru kudzoka muno muchechi usiku huno. Ndakangoti shoshomei inzwi zvishoma. Yanga iri Mharidzo yakati rebei mangwanani ano, uye ndine mufaro kuti Yauya, zvakadaro. Ini Yandinakidza, ndichiIparidza, uye ndinovimba kuti nemivo Yakunakidzai kuInzwa. [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

² Musakanganwa zvino, rangarirai izvi nguva dzose, kuti zvinhu izvi ndizvo zvinoumba muranda waKristu. Maona, kutenda kutanga, pozotevera simba. Uye zvino rangarirai, Mweya Mutsvene haungasimbisi imba yaMwari kusvikira zvinhu izvi zvava kushanda noMweya. Hazvina mhaka kuti chii chawaita, waona. Izvi ndizvo zvinhu zvinovaka Mutumbi waKristu, maona, zvinhu izvozvi. Zvino, musakanganwa izvi, kuti ichi *pano* ndicho chokutanga, iko kutenda kwenyu. Simba, zivo, uye zvakadaro, zvinofanira kuwedzerwa kwachiri, kusvikira chimiro chakakwana chaKristu charatidzwa, zvino Mweya Mutsvene wozouya pamusoro pachu wochisimbisa soMutumbi mumwe chete. Zvinhu izvi zvinofanira kuva saizvozvo. Nokudaro, Jesu akati, “Nezvibereko zvavo vanoziakanwa.” Maona, zvibereko! Hawaigona kubereka zvibereko usina zvinhu izvi kuti zvibereke zviri mauri. Uye kana zvose izvi zvatora nzvimbo yenyika uye—uye nokushaya humwari, nezvakadaro, zvino kusatenda kose kunodzingirwa kunze, ipapo zvinhu zvose zvenyika zvinopfuura, ipapo hapazovi nechimwe chinhu kusiya kwechisikwa chitsva muna Kristu. Uyezve VaEfeso 4:30 inoti, “Musachemedza Mweya Mutsvene waMwari, uyo wamakasimbiswa mauri kusvikira zuva rokudzikinurwa kwenyu.” Kusimbisira muHumambo hwaMwari! Zvino, musakanganwa izvi. Chengetai izvi mundangariro dzenyu zvino, zvinotora zvinhu *izvi* kutanga. Ipapo kusimbiswa ndiwo Mweya Mutsvene, Chinotesva chinotisimbisira muMutumbi. Zvakanaka.

³ Tine chi—chikumbiro kubva kuHanzvadzi Little, vokuChicago, murume wavo wakaita tsaona nemota zvino ari pedyo nerufu, Hanzvadzi Little. Uye Edith Wright, hanzvadzi yedu duku pano yataziva kwenguva refu, ari, ari kurwarisa, kumba kwavo usiku huno, zvino vanga vachida kuzvizivisa kuchechi kuitira kuti tose tinamatire pamwe chete chikumbiro ichi. Zvino ngatikotamisei misoro yedu kwechinguva.

⁴ Baba vedu vanokosha, vari Kudenga, takaungana takakomberedza Chigaro chaMwari (nokutenda), uye tiri kukumbira tsitsi dzaMwari pazvikumbiro izvi. Hama Little,

mutsaona yemota, vari pedyo nerufu. Mwari, vabatsirei. Dai Mweya Mutsvene wauya padivi pemubhedha wavo uvadzose kwatiri, Ishe. Uye Edith Wright mudiki zasi uko, ndinonamata, Mwari, kuti Mweya Mutsvene uuye parutivi pemubhedha wake usiku huno ugomudzoreredza hutano hwake zvakare. Tipei, Baba. Makavimbisa zvinhu izvi, uye tinozvitenenda. Uye sezvatanga tichifunga mangwanani ano, kuti chinhambwe hachirevi chinhu kwaMuri, Muri mukuru kune imwe nzvimbo yepasi rose sezvaMakangoita kune imwe yacho, nokuti Muri pose pose, mune masimba ose, uye hamugumi. Uye tinonamata, Baba, kuti Muchatipa mhinduro dzezvikumbiro izvi kubudikidza neZita raJesu Kristu. Amenii.

⁵ Ndine mufaro chaizvo kuva muno manheru ano zvakare, ku...Uye ndinoziva kuti kunopisa. Idzi ishumiro nhatu dzakatevedzana, uye...Uye ndinoziva kuti vamwe venyu vachatyaira mamaira anosvika mazana mashanu kubva nguva ino kusvika mangwanani. Uye kutanga kuswera mangwana, ini ndichatyaira mamaira mazana gumi nemana. Saka, ndi—ndinovimba yanga iri nguva yakakunakirai mose. Uye yanga iri nguva yakandinakira kukushanyirai. Panongova nechinhu chimwe chete chatakumbira, vazhinji vanotodzoserwa kwavabva nokuti hapana pokuti vakwane, hatigoni kutswikinyidza panofambwa napo muno, vebazi rokudzimura moto havangatinyarariri tichidaro. Zvino tiri kuedza kutsvaga chechi huru, kuitira kuti kana tirimo, tive nenzvimbo inokwana kuti vanhu vagare.

⁶ Uye zvino, nguva ipi zvayo, makasununguka kuuya pano patabhenakeri, apo tisina imwe dzidziso asi Kristu, hapana murairo kuruze kworudo, hapana rimwe bhuku asi Bhaibheri. Uye zve...Uye mufundisi wedu ndiHama Orman Neville varipano. Uye tine ungoro ye—ya vanhu vakawanda vanoungana setabhenakeri yakasununguka kubva kumasangano ose, apo munouya kuzoshumira Mwari zvinoenderana nezvinodikwa nehana dzenyu. Tinofara nguva dzose kuva nemi. Saka muuye pamunokwanisa, tinogara tichifara kukugamuchirai.

⁷ Zvino nguva ichazotevera, sokuziva kwangu, kuti ndizokwanisa kuva nemi, tinozoviita mushure mokunge chechi yapedzwa. Uye ndinoda kuti ipapo, tapedza *Mazera eChechi*, ipapo tinoda kuzoenda ku*Zvisimbiso* zvokupedzesera zvinomwe, Uye *Zvisimbiso* zvokupedzesera zvinomwe zviri muBhuku raZvakazarurwa, tichizodzidzisa Izvozvo.

⁸ Uye zvino pane nguva zhinji panouya vanorwara nevanodzimbikana, uye mushumiro idzi, apo panoda zviratidzo, uye vanofanira kuuya kuzoti tikurukure pakatsaurwa. Ndikapinda muna izvozvo, ipapo ndi—ndinozotadza kuona mutsauko pakati pazvo, uye, kwete, zvakandiomera kuti nditaure mushure maizvozvo. Uye munhu wose anoziva kuti mushumiro dzemisangano yokupodzwa kwavarwere, kuti

VaBaxter kana mumwe munhu kazhinji ndiye anoparidza, ini ndozouya kuzonamatira vanorwara, nokuti zvinoti netesei zvishoma. Uye ndanga ndichinamatira vamwe vanhu nguva shoma yapfuura, uye ndasangana nemwana muduku uyo vanachiremba...chimwe chinhu kumusana wake, akazvarwa akadaro. Ndichibuda, ndamuona akagara pachigaro. Mwana uyu haachazombovizve chirema saizvozvo, ari kuzopora. Zvirokwazvo, ndizvozvo, maona. Ndizvo, ndinozviziva. Maona, ndinozviziva kuti ndizvo zvichaitika. Saka tinoda kuva nokutenda kwedu uye kutenda muna Mwari.

⁹ Mumwe nomumwe wenyu, uye vazhinji venyu muri vatsva kwandiri, mose vashumiri nevamwe. Kana ndisina kupotsa, ava ndiHama Crase. Ndizvo here? Hama Crase, ndi—ndinofanira kukumbira ruregerero kwamuri, pakutadza kuuya kukumikidzo iya. Pamwe ndichauya ikoko pane imwe shumiro yokupera kwevhiki, ndive munhu akanaka. Ndizvo here? Ikoko kuBloomington. Muri kuzvifambisa zvakanaka here? Zvakanaka. Dzimwe dzehama idzi pano vashumiri, ndinofunga kudaro. Imi muri mushumiri here? Hongu, changamire. Ishe vakuropafadzei. Zvino tine vashumiri vangani muimba ino, tionei maoko enyu. Zvino, zvakanonaka. Tine mufaro kuva nemi pano, tine mufaro. Mwari ngaagare achikuropafadzei!

¹⁰ Zvino, kuitira kuti tikurumidze kubuda vamwe vavo vari kuenda kuGeorgia, Tennessee, New York, kwose kwose, kubva usiku huno, kutanga usiku huno. Zvino, tyairai makangwarira mumugwagwa. Kana mukanzwa hope, musingadi kupinda muhotera, ingotsaukirai padivi pomugwagwa movata kusvikira...Ndiwo maitiro andinoita. Maona, ingotsaukai movata. Musatyaira, musatyaira kana muchinza hope. Chinhu chakaipa. Uye, rangarirai, haisi nyaya yako iwe, inyaya yomumwe uyo yamunofanira kungwarira. Maona? Imi munoziva kwamunozoenda, hamuzivi kwaanozoenda iye, saka—saka munofanira kungwarira muchinda uyo. Saka, ivai nechokwadi kuti makasvinura nguva dzose, kuti mungwarire izvozvo.

¹¹ Zvino, ndinoda kuverenga chikamu cheMagwaro chiri muBhuku raMutsvene Johane. Zvino, Magwaro madiki aya atinoverenga uye atinonongedzera kwaari, arikufanira kutipa nheyo yezvatiri kuedza kutaura. Uye nguva dzose, handisati kana nguva imwe chete, pakurangarira kwangu, ndambouya papurupiti, kuti nditaure chimwe chinhu kuti ndingochitaura hangu. Nguva dzose ndinoedza kumirira, ndotarisisa, ndonzvera, ndonamata, kusvikira ndanzwa kuti ndava nechimwe chinhu chinogona kubatsira vanhu. Kana ndikatadza kubatsira, zvino hapana chikonzero chokuti ndimire pano, maona. Kuedza, kubatsira! Uye zvino usiku huno, chikamu chikuru cheungano ino chaenda kubva mangwanani ano, uye vanga vachifanira kuenda kudzimba, vazhinji vavo. Asi, usiku huno, ndakakuudzai kuti kana mukasara tichaedza

kuparidza kwemaminitsi makumi mana namashanu pamusoro pechimwe chinhu chandine tariro kuti chinogona kutibatsira. Uye tichaisa nheyo yazvo zvino pana Johane Mutsvene, chitsauko 16, titangire pa—pandima 7 yechitsauko 16, uye tiverenge kusvikira pa—pandima 15.

Nyange zvakadaro *ndinokuudzai zvokwadi; Zviri nani kwamuri kuti ndiende: nokuti ndikasaenda, Munyaradzi haazouyi kwamuri; asi kana ndikaenda, ndichamutumira kwamuri.*

Iye kana asvika, uchazivisa nyika pamusoro pezvivi, napamusoro pokururama, napamusoro pokutongwa:

Pamusoro pezvivi, nokuti havatendi kwandiri;

Pamusoro pokururama, nokuti ndinoenda kuna Baba vangu, uye imi hamungazondiwonizve;

Pamusoro pokutongwa, nokuti muchinda wenyika ino watongwa.

Ndine zvizhinji zvandinoda kukuudzai, asi hamugoni kuzvigamuchira zvino.

Asi kana iye, Mweya wezvokwadi, auya, uchakutungamirirai muzvokwadi yose: nokuti haangatauri zvake; asi izvo zvose zvaachanzwa, ndizvo zvaachataura: uye uchakuzivisai zvinouya.

Nokuti, uchandibwinyisa: *nokuti uchatora pane zvangu, okuzivisai pane izvozvo.* [KJV—Mupepeti.]

Zvinhu *zvose* zvina—zviri zvaBaba *nde zvangu*: ndosaka *ndakati ini, uchatora pane zvangu, okuzivisai pane izvozvo.* [KJV—Mupepeti.]

¹² Zvino pandima 13 iyi. “Zvisinei kana Mweya waZvokwadi wauya, Achakutungamirirai kuZvokwadi yose. Kana Mweya waZvokwadi wauya, Achakutungamirirai kuZvokwadi yose.” Zvokwadi chii? IShoko. “Nokuti Uchataura, haAzotauri pamusoro paKe; asi zvaAnonzwa, ndizvo zvaAchataura. ZvaAnonzwa, ndizvo zvaAchataura.” Nemamwe manzwi, Ndiye achazarura zvinhu, maona. Uye chitsauko 4 chaVaHebheru, Bhaibheri rakati “Shoko raMwari rakapinza, rine simba kupfuura munondo unocheka kwose, riri—riri Munzveri wepfungwa dzendangariro, nemwoyo.” Maona, “ZvaAnonzwa, ndizvo zvaAchataura, uye Achakuratidzai zvinhu zvinouzouya.” Maona? Chii chichazoita izvozvo? Mweya Mutsvene Uyo uchauya muZita raIshe Jesu.

¹³ Zvino ndinoda kutora izvi kwamaminitsi mashoma anotevera ndichiti imi mutarise pashoko rinoti “mutungamiriri,” *Mutungamiriri*. Munoziva, ndine chiitiko chandakasangana nacho musango. Mutungamiriri, munhu anokuratidza kwekuenda. Unofanira kuva nemutungamiriri kana usingazivi kwauri kuenda. Zvino ndajairana nokuvhima, uye nenyika

yakandipoteredza, ndakava ne—nemukana wekusangana nevatungamiriri. Uye ini ndiri mutungamiriri, pachangu, muColorado, nokuti ndinoziva nyika iyo, kwataifudzira mombe dzomumapurazi, nezvakadaro, ndinogona kutungamirira muColorado.

¹⁴ Zvino, mutungamiriri anofanira kuziva nzira. Anofanira kuziva kwaari kuenda uye zvaari kuita, uye kuti anokuchengetedza sei munzira. Maona? Anofanira kuona kuti haurasiki. Mutungamiriri munhu wakasarudzwa. Hurumende inosarudza munhu uyu kana ari mutungamiriri. Uye, zvino, kana uchifamba rwendo kupinda musango, umo dzimwe nguva mausati wajaira kupinda, hachisi chinhu chakanaka kuenda usina mutungamiriri. Kutaura pachena, dzimwe nzvimbo hautombogoni kuenda usinaye, somuenzaniso, Canada. Mu—mutungamiriri anofanira kusaina rezinesi yako kumuchengeti wemhuka. Unofanira kusaina, uye ane mungava wokukuchengetedza. Kana pakawana chinokuwira, iye ndiye uchakupindirira. Anofanira kukuchengetedza. Anofanira kuona kuti haurasiki. Anofanira kuva nechokwadi chokuti haakuendesesi kumwe kwokuti hauzozivi nzira yokudzoka. Uye kana ukarasika, anofanira kunge achinyatsoziva nyika iyo zvokuti anokuwana nguva ipi zvayo. Anofanira kuziva zvose izvi kana kuti haangavi mutungamiriri, haangapiwi rezinesi rokuva mutungamiriri.

¹⁵ Pazvinhu izvi, dzimwe nguva unofanira kunge wafanorangana navo, unofanira kufona woita zvirongwa, wochengeterwa nzvimbo. Uye kana...Dzimwe nguva haana nzvimbo saka haakwanisi kukutora, unenge wotombomira kwenguva, pa—pamutungamiriri wepanyika. Asi hautombodaro paMutungamiriri waMwari, Akangogadzirira nguva dzose, akagadzirira nguva dzose.

¹⁶ Zvino, kana ukasaita gadziriro idzi, iwe uchida kuita rwendo rwokupinda mumasango ausati wakambopinda, unogona kurasika, wofiramo. Une chikamu chimwe muzana chokubuda musango iro, ndokunge, risina kunyanya kutsinha, unenge une chikamu chimwe muzana chokubuda wega. Asi kana rakanyanya kutsinha, ikoko, hauna mukana wokubuda. Hapana nzira yaunogona kuzviita nayo, nokuti unozoviona wapinda muchadzimira, zvadaro wa—waparara, watopera. Zvino, uchapararamo kana usina mutungamiriri anoziva nyika iyoyo uye anoziva kuti munodzokera sei kwamabva.

¹⁷ Vazhinji venyu munoziva chinyorwa chamakaverenga gore rakapera paTucson, Arizona, chemaBoy Scouts. Kunyange zvakadaro, vakanga vakadzidziswa kuzvichengetedza, vaiva mascouts. Uye vakanga vasiri maScouts Vadzidzi, vaiva mascouts akatopedza kudzidziswa. Ivo vakaita rwendo rwokupinda mumakomo, ndokubva kwatanga kunaya dutu rechando, zvezasikirwe zvakasandura chimiro chazvo. Uye

vakatozoona varasika vose vakaparara, uye chikonzero ndechokuti vaka...chimwe chinhu, kunze kwakashanduka kubva pamaitiro ezuva nezuva, ivo vakatadza kuziva kuti vobuda sei. Maona? Zvino ndakanganwa kuti vakomana vangani vakapararira mugomo iroro, kunyange vaiva nemahelicopter, uye vaiva neVarwi ikoko, neVanochengetedza Nyika, nevakangozvisarudzira voga kubetsera, nevose. Asi vakarasika, hapana akaziva pavaiva. Uye vakatadza kuzvichengetedza. Vese vakapararira muchando nokuti vakanga vasingazivi kuti vari kuenda kumabvazuva here, chamhembe, madokero kana maodzanyemba, kumusoro kana zasi, kana kuti zvakamira sei, zvose zvairatidzika zvakafanana.

¹⁸ Zvino, mutungamiriri unoziva paari, zvisinei kuti kunze kwakamira sei. Waka—wakadzidziswa kuita izvozo. Anoziva zvaari kuita. Anoziva zvose. Anoziva maratidzikire ezvose, saka anogona kunge ari murima agobata chimwe chinhu.

¹⁹ Somuenzaniso, hechinoi chimwe chekare chinoshandiswa nemutungamiriri. Munoziva, kana uchingoona nyeredzi, munhu wose anogona kuziva kwaari kuenda kana ukatarisa nyeredzi. Uye unoda kutarisisa nyeredzi imwe chete isingashanduri nzvimbo painogara. Pane nyeredzi imwe chete yechokwadi, iNyeredzi yeKumusoro. Maona, imwe chete bedzi, inomira panzvimbo imwe chete. Iyoyo inomirira Kristu, mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Vamwe vangatetereka, asi Iye anoramba akangodero. Chechi dzinogona kukudhonzero kunze kunzira *iyi*, kana dzimwe dzokudhonzero kunze kunzira *iyoy*; asi kwete Iye, Anoramba achingova mumwe chete.

²⁰ Zvakanaka, zvino, kana usingagoni kuona Nyeredzi yeKuMaodzanyemba, kuine makore, zvino mukacherechedza, kana ari masikati uye warasika, kana ukacherechedza miti. Muti nguva dzose, unomerera tusora pamakwati kudivi remaodzanyemba romuti, nokuti kuchamhembe kwomuti kunowana zuva nguva refu kupfuura kumaodzanyemba. Ko kana kuine rima usingakwanisi kuona tusora utwu? Kana ukavhara meso ako wogorega kufunga chimwe chinhu, wakavhara maziso ako wobata muti unamakwati anotsvedzerera, wotenderedza maoko ako pamuti uyu sevizivi kusvika minwe yako yasangana, uye wotanga kuifambisa uchitendera muti uyu zvishoma zvishoma. Zvino ukazobata makwati paanenge akakora, akatsemuka, ndiko kumaodzanyemba (kumhepo), unokwanisa zvino kuziva kuti uri kuenda kupi, maodzanyemba kana chamhembe. Uye nenzira iyoyo, o, pane zvinhu zvakawanda, asi zvinotora vatungamiriri kuziva kuti zvinhu izvo zvinoitwa sei. Ukatora munhuwo zvake akauya ipapo, anoti, “Handisi kumbonzwa mutsauko pazviri ini.” Maona? Maona, unofanira kunge wakadzidziswa kuita matungamiriro iwawo.

²¹ Vakomana ava, handipokani kuti vakanga vari maScouts anoziva, vaigona kusunga mafundo, vainge vachigona kuvesa moto vachishandisa matombo, uye nezvakadaro. Asi kana pava pakuziva nzira yokubuda nayo, ndipo pane pfungwa! Ivo, ivo havana kuziva nzira yokubuda nayo, nokudaro vose vakaparara nokuti havana kuenda nomutungamiriri.

²² Baba vakanga vasina kufunga, makore maviri apfuura, kuColorado, o, vakapinda mumakomo, nemwanakomana muduku ane makore anenge matanhatu, kana manomwe okuberekwa. Vakaenda naye kundovhima nondo kekutanga. Saka vakakwira gomo, mukomana muduku akati kuna baba vake, “Ndava kuneta.”

²³ “Kwira kumusana kwangu. Hatisati takwira zvakakwana, nondo dzichiri kumusoro.” Vakaramba vachienda nokuenda kusvikira murume aka . . . Haana kuziva, waiva murume wajaira kugara muguta. Haana chaaiziva pamusoro pokuvhima kana kokuenda. Murume wese anoziva chimwe chinhu pamusoro pemasango anoziva kuti nondo hadzigari kwakakwirira. Hadziendi ikoko kumusoro. Mbudzi ndidzo dzinogarako, kwete nondo. Dzinenge dziri zasi uko kwadzinofura, dzinofanira kuenda kwadzinowana zvokudya. Saka, saizvozvo murume uyu wakafunga kuti, “Ndikasvika kumusoro uko pane matombo, ndichawana nondo hombe.” Wakanga amboona mufananidzo wedzimwe dzakamira—dzakamira padombo, saka wakafunga kuti aigona kuiwana ikoko. Musatevedzera zvinonyorwa mumamagazini, ini zvangu ini, o, ini zvangu ini, unopinda mumadzikirira! Izvozvo, panongova nechinhu chokuita, ndechokutira mutungamiriri kuti muzoziva kuti muri papi.

²⁴ Uye baba vaya, pakakaruka pangotanga kunaya mvura kumusoro ikoko, imwe yemvura dzinongokaruka dzanaya. Uye murume uyu wakavhima, kusvikira kwasviba ndokubva atadza kuziva kuti odzoka nokupi. Uye zve . . . ipapo mhepo dzakatanga kuvhuhuta nepamusoro pemakomo, uye iye achifambisa, ndoku . . .

²⁵ Unofanira kuziva kuti unorarama sei, kana ukabatikidzwa uri kunze uko. Panezve chimwe chinhu, ziva kuti unorarama sei! Ndakakwira miti ndikatsvedza ndichidzika nayo, ndikakwira miti ndikatsvedza ndichidzika, ndichikwidza nokudzika saizvozvo, kuti ndirambe ndiri mupenyu. Ndakatora chando chine udzamu hwemafiti mana kumativi ose, ndotsemura chitsiga nokuchiisa pasi. Uye ndakanzwa nzara yakapisisa! Uye ndikatsemura zvitsiga izvi, nokuzvivesa kusvikira kwave kupisa nokunyungudisa chando. Uye kwava kuma 1 o'clock mangwanani, 2 o'clock, ndaibvisa zvitsiga izvi, ndorara pasi panodziya, kuti ndirambe ndiri mupenyu. Uye unofanira kuziva kuti zvinhu izvi zvinoitwa sei.

²⁶ Uye murume uyu wakanga asingazivi zvaaiita, wakaenda asina waizomutungamirira. Uye wakavhumbamira mwanakomana wake pachipfuva kusvikira wakamunzwa achioma nechando kusvikira afa. Kusafunga! Dai akanga angотора mutungamiriri, ungadei akamudzosa achidzika negomo zvisinei kuti yakanga yava nguvai, maona. Asi wakamirira kusvikira kwasviba, nokudaro haana kuzoona kuti nzira yake yaifamba nepi.

²⁷ Ndiro dambudziko rine maKristu nhasi. Vanomirira kusvikira rima rauya, ipapo wozoona kuti wakauya usina Mutungamiriri. Mutungamiriri!

²⁸ Ko, wati wamboona munhu akarasika? Pane akambosangana nechitiko chokudzosa munhu anga arasika here? Ndicho chinhu chinonzwisa tsitsi chawati wamboona. Kana munhu akarasika, anoita mupengo. Haazivi zvaari kuita. Takabata munwe murume kunze uko, mukomana, anga arasika musango, uye aifunga...Aiva munhu aichengetedza mombe mumapurazi, asi anga ari munzvimbo isiri iyo akabva arasika, akakomuka. Asi pavakazomuwana mushure memazuva matatu, aiva achimhanya somupengo, achidanidzira nenzwi rake rose. Miromo yake yose yakanga yadiyiwa, akanga arasa pfuti yake uye akanga asisazivi zvokuita. Zvino mukoma wake chaiye, paaka...Vakatozomubata ndokumusunga. Mukoma wake chaiye paakauya kwaari, akamurwisa kunge mhuka, akaedza kumuruma, akanga asingazivi kuti aripi. Sei? Akanga arasika. Uye kana munhu arasika, anenge ava muchinhanho chokuvhiringidzika. Uye haazivi kuti ari muchinhanho ichocho nokuti kurasika kwake kunokonzeresa fivhiri iyi paari, uye haasi kuziva kuti aripi uye ari kuzvibata sei.

²⁹ Ndizvo zvazvirivo kana munhu arasika kubva kuna Mwari! Anoita zvinhu zvaasingagoni kuita mazuva ese. Unoita zvinhu zviri—zviri kunze kwepfungwa dzezvingaitwa nemunhu. Munhu akarasika kubva kuna Mwari, chechi yakarasika kubva kuna Mwari, chechi yakabva pana Mwari, yakabva pamitemo yeBhaibheri raMwari, inoita zvinhu dzimwe nguva zvausingatarisiri kuwana muchechi yaMwari mupenyu. Vanounganidza mari vachishandisa mitambo yebunco, vachitamba rotary, makasi, nezvese zvavanogona kuita. Vanodzidzisa chero zvavada, vachingoregerera zvose zvose, vachibhabhadzira munhu anobhadhara mari zhinji muchechi, uye nokuita vakadaro, nokuvaregerera vachingoita zvavanoda. Ndizvozvo. Vachigadza madhikoni vakarooro runa kana rushanu, kungoti zvivabve, kuti zvavanoda zviitike. Pane chinhu chimwe chete chinofanira kuti chiitike, ichi chinhu, mungava wako wezvaunofanira kuitira Mwari. Mira utaure Zvokwadi! Kurasika, munhu wakarasika ari mudanho rokuvhiringidzika, anenge ava mupengo.

³⁰ Mutungamiriri ane kunzwisisa, kokuti ndinoenda sei uye chii chandinofanira kuita. Mwari mu...Mwari wakagara achingotuma mutungamiriri kuvanhu vaKe. Mwari haana kumbokundika. Anotuma mutungamiriri, asi munofanira kugamuchira mutungamiriri iyeye. Maona? Munofanira kuzvitenda. Munofanira kuenda nenzira yaanokuudzai. Kana mukapinda murenje, mutungamiriri wenyu akati “tava kuenda nenzira *iyi*,” asi iwe wofunga kuti tinofanira kuenda nenzira *iyi*, magumo ako kurasika. Zvino kana iwe...Mwari unotitumira mutungamiriri kuti atitungamirire, tinofanira kutevera mutungamiriri iyeye. Hazvina mhaka kuti chii chatinofunga, chii chinoratidzika sechine pfungwa uye chii chinoita sechinoshoreka, hazvisi zvedu kupatsanura izvozvo, mutungamiriri ndiye bedzi anofanira.

³¹ Mwari, muTestamente Yekare, wakatuma vaporofita. Vaiva vatungamiriri, nokuti Shoko raMwari raiuya kumuporofita. Vaiva vatungamiriri. Vairaira vanhu sezvatakanga tinazvo usiku hwapfuura, zvaIsaya naUziya. Vakanga vakarairwa, uye vairaira vanhu nokuvatungamirira. Uye zvino Mwari nguva dzose waituma vatungamiriri vaKe, haAna kumbogara asina mutungamiriri, mumazera ose. Mwari wakagara achingova nemumwe munhu waMumiririra panyika, mumazera ose.

³² Zvino, dzimwe nguva vanobva pamutungamiriri, “kubva pagwara,” sekutaura kwatingaita. Jesu paakanga ari pano panyika, hamurangeri here Jesu achiti kuvaFarisei, “Imi vatungamiriri mapofu”? Vatungamiriri mapofu, mapofu kuzvinhu zvepamweya. Maona? Zvino, vaifanira kuva vatungamiriri, vatungamiriri vavanhu, vavaitungamirira kuruponeso. Asi Jesu akati, “Muri mapofu!” uye Iye akati, “Vasiyei vakadaro, nokuti kana bofu rikatangamirira rimwe bofu, havangawiri vese mugomba here?” Vatungamiriri mapofu! O, nyika yasvibiswa zvakadini nezvizvi, kutungamirira kwamapofu. Haadi kuti uzembere pakunzwisisa kwako. Mwari haadi kuti uzembere pakunzwisisa kwako kana papfungwa dzako, kana papfungwa dzakafungwa nemunhu.

³³ Mwari unotumira Mutungamiriri, uye Mwari anoda kuti urangerire izvozvo kuti Mutungamiriri uyu Mwari ndiye akamuisapo. Zvino tinofanira kuMurangerira. Pano Panoti, Jesu akati, “Handingakusiyi, asi ndichanamata kuna Baba Iye achakutumirai mumwe Munyaradzi.” Uye Munyaradzi uyu, paAizouya, waizotitungamirira kuZvokwadi yose. Uye Shoko raMwari iZvokwadi, uye Shoko ndiKristu, “Ndini Nzira, neZvokwadi, neUpenyu.” Iye iShoko, “Pakutanga kwaiva neShoko, Shoko rakanga riri kuna Mwari, Shoko raiva Mwari. Uye Shoko rakaitwa nyama rikagara pakati pedu.” Naizvozvo kana tichitevera Mutungamiriri wechokwadi, Mwewa Mutsvene, Iye waifanira kuzotiudza zvaAkaona, zvaAkanzwa,

uye waifanira kuzotiratidza zvinhu zvaizouya. Amen. Hepanoi. Achakuratidzai zvinhu zvinouya.

³⁴ Uye zvino kana machechi nhasi ava kuramba Izvozvo, tingatarisira sei zvachose kuenda Kudenga? Mweya Mutsvene pawakatimirwa kwatiri kuti uve Mutungamiriri, tinitora mumwe cardinal, mumwe bishopi, mumwe mukuru mukuru, kana mumwe wakadaro kuti atitungamirire, apo Mweya Mutsvene uri iwo wakapiwa kuti utitungamirire.

³⁵ Uye Mweya Mutsvene nguva dzose unotaura pamusoro peShoko. “Ndine zvizhinji zvokukutaurirai, asi hamugoni kuZvinzwisisa iko zvino, asi kana Iye auya, Achakutungamirirai kwaZviri.” Ndicho chikonzero pachifanira kuuya Zvisimbiso. Panoperera Chisimbiso cheChinomwe, chakavanzika chaMwari chichapedziswa, chokuziva kuti Mwari Ndiani, zvii zvaAri, Anorarama sei, hunhu hwaKe, Humunhu hwaKe. Munofanira kunge makwidza nzira yose kusvika *apa* panguva iyo, maona, tichisvika pachimiro chizere chevanakomana nevanasikana vaMwari, Chechi yakasukwa muRopa raKristu, yakatengwa pasina mari, yakabhadharwa neRopa raJesu Kristu.

³⁶ Zvino, hepanoi, Mutungamiriri, uye Mutungamiriri wakabva kuna Mwari. Zvino tiri kupfuura nemurenje uye tiri munzira kuenda kune imwe nzvimbo, uye hatingangwanisi kufamba tisina Mutungamiriri uyu. Uye ngapashaye mumwe angaedza kutsiva nemumwe mutungamiriri! Kana ukazviita anokuratidza nzira isiriyo. Mutungamiriri uyu anoziva nzira! Anoziva nzira iyi yose. Anoziva pfungwa yose iri mumwoyo mako. Anoziva munhu wese ari pano. Anoziva kuti iwe ndiwe ani nezvawakaita, nezvese pamusoro pako. Mutungamiriri waMwari, Mweya Mutsvene, uye unozarura zvinhu kwauri, uye achakutaurira zvinhu zvaAkanzwa, anokwanisa kudzokorora mashoko ako otaura zvawakataura. Amen. Anokuudza zvawaiva, zvauinazvo, kwauri kuenda. Mutungamiriri, Mutungamiriri chaiye, Anokutungamirira muZvokwadi yose, uye Shoko raKe iZvokwadi.

³⁷ Zvino, Mweya Mutsvene hauzomboiti, kuti “ameni” kudzidziso dzakaitwa navanhu. Unongotsigira Shoko raMwari ne “ameni,” nokuti Ndizvo zvazviri. Mweya Mutsvene haukutungamiriri kune imwe nzira. Zvino chinoshamisa ndechichi, chokuti isu tose, nemasangano edu makuru nezvinhu, tinoti mumwe nomumwe wedu anotungamirirwa noMweya Mutsvene, asi ipo paine musiyano pakati pedu tese wakaita sokusiyana kwemasikati nousiku.

³⁸ Asi apo Pauro, muFarisei uya mudiki akagamuchira Mweya Mutsvene paakabhabhatidzwa naAnaniya, akaenda kuArabia akanodzidza kwemakore matatu, akadzoka, uyezve haana kumbovhunza chechi pamusoro pechii zvacho kwemakore gumi nemana, zvino paakauya akasangana naPetro, mukuru wechechi

paJerusarema, vakanga vakafanana paDzidziso. Sei? Waiva Mweya Mutsvene mumwe chetewo! Apo Petro akabhabhatidza muZita raJesu Kristu, Pauro akaita zvimwe chetezvo asina anga amuudza. Petro paakadzidzisa pamusoro perubhabhatidzo rwoMweya Mutsvene, nekucheneswa, nezvakadaro; Pauro akaita zvimwe chetezvo, asina kumbovhunza chechi, nokuti wakanga Ari Mutungamiriri mumwe chete. Zvino tingavei nhasi kana vanhu vachiramba Chokwadi ichi? Petro paakadzidzisa zvaakaita pamusoro pekuisa chechi mugwara, Pauro waiva nedzidziso imwe cheteyo, nokuti vaiva noMutungamiriri mumwe chete.

³⁹ Mutungamiriri haasi kuzitora mumwe omuisa munzira *iyi*, nokutora mumwe omuisa munzira *iyi*, nokutuma mumwe kumabvazuva uye mumwe kumadokero. Anokuchengetedzai muri pamwe chete. Uye dai tangorega Mweya Mutsvene wachengetedza pamwe chete, tinova vamwe chete. Kana—kana tikasangotendera Dhiyabhorosi kukubvisai okupinzai munzira yakatsauka, tinobva tava mwoyo mumwe, ndangariro imwe, muhumwe chete, noMweya mumwe, Mweya Mutsvene, Mutungamiriri waMwari achatitungamirira kuZvokwadi yose. Ndizvozvo. Asi unofanira kutevera Mutungamiriri wako. Hongu, changamire.

⁴⁰ Tarisai Nikodhimo, waida Mutungamiriri, kunyange akanga ari munhu akadzidza. Wakanga ari mudzidzisi, ava nemakore anenge makumi masere okuberekwa. Wakanga ari wevaFarisei, kana—kana weDare reSanhedrin, Kanzuru, Association yaVaparidzi. Wakanga ari mumwe wevakuru vavo, mudzidzisi muIsraeri, mazvikokota pazviri. Pafunge, mazvikokota mudzidzisi! Hongu, waiziva mirairo, asi pazvakasvika pakuzvarwa patsva, waida Mutungamiriri. Waiva nenzara nako. Waiziva kuti paifanira kuva nechimwe chinhu chakasiyana. Mazviratidziro aakaita kuna Kristu usiku uhwo anotijekesera izvozvo. Uye zvakajekesawo izvi, zveanzwiro avamwe vose, asi hapana kana mumwe wavo wakava nako—nako kushinga kwaaiva nako. Hapana kana mumwe wavo waigona kuuya ipapo akaita zvaakaita. Imi mose, vanhu, munowanira Nikodhimo mhosva yokuuya usiku. Wakasvika ipapo. Wakasvika. Ndinoziva vamwe vanhu havagoni kana kutombotanga, masikati kana usiku. Asi iye wakaendako, uye waida Mutungamiriri, akati “Mudzidzisi, isu,” veDare reSanhedrin, “tinozviziva kuti Muri Mudzidzisi wakabva kuna Mwari.” Wakazviziva sei? Wakanga asimbiswa. Maona, waida kuziva kuti kuzvarwa patsva kwairevei, ndokunanga chaiko kuna Chaiye, nokuti Mwari wakanga asimbisa kuti Uyu, Jesu ndiye waiva Mutungamiriri waKe. Tarisai zvaakataura, “Mudzidzisi, tinoziva kuti Muri Mudzidzisi wakabva kuna Mwari, nokuti hakuna munhu angaita zvinhu zvamunoita Imi, kusiya kokunge Mwari anaye.”

⁴¹ Yakanga iri tsigiro apo, yokuti makanga munaMwari mupenyu mukati maKe. ZvaAkapupura, “Handisi Ini ndinoita mabasa; ndiBaba vaNgu vanogara maNdiri. Zvirokwazvi ndinoti kwamuri, Mwanakomana haagoni kuita chinhu maAri; asi zvaAnoona Baba vachiita, ndizvo zvinoitwavo neMwanakomanavo. Baba vanoshanda, ini ndoshandavo saizvozvo.” Namamwe manzwi, Mwari waimuratidza zvokuita, Iye woenda wondoziita. Hapana chaaiita kusvikira Mwari amuudza kuti azviite. Amen. Ndizvo zvakanyatsonanga zvacho. Dai tikafamba nokumirira kusvikira Mweya watifambisa kuti tizviite! Ndizvozvo. Uye saizvozvo tozonyatsorasika muna Kristu zvachose zvokuti haAzombofaniri kutisunda sezvaAnondiita, asi paanongoita kakugutsurira musoro waKe kekutanga, unobva watogadzirira uye panenge pasisina chingakumisa, nokuti unoziva kuti uku ndiko kuda kwaMwari.

⁴² Waida Mutungamiriri. Wakanga ari Mutungamiriri akasimbiswa. Waigona kutungamirirwa noMutungamiriri uyu nokuti waiziva kuti Mutungamiriri uyu wakafemerwa naMwari. Waiziva kuti tsika dzaakashandira, pamwe navaFarisei, vaSadhuse, nevamwe vazhinji, wakanga ashandira zvitendwa izvi nguva dzose asi pasina chinoitika. Asi zvino pakanga pauya Munhu, waizviti Iye ndiMesiya wakavimbiswa womuBhaibheri. Zvino wakauya ndokuita mabasa chaiwo aMwari. Jesu akati, “Kana ndikasaita mabasa aBaba vaNgu, naizvozvo musaNditenda. Asi kana musingagoni kuNditenda, tendai mabasa andinoita, nokuti anopupura nezvaNgu.”

⁴³ Naizvozvo, ndiko kusaka Nikodhimo akati, “Mudzidzisi, tinoziva kuti Muri Mudzidzisi wakabva kuna Mwari, nokuti hakuna munhu angaita zvinhu izvi zvaMunoita kana Mwari asinaye.” Maona, waida Mutungamiriri, kunyange aiva mudzidzisi wazvo. Waiva mudzidzisi wechechi yake. Waiva noruremekedzo, uye waiva—waiva nenzvimbo dzaizikanwa, uye aiva munhu mukuru; pasina kupokana, vanhu munyika yose vaimuremekedza. Asi pazvakasvika pakuzvarwa patsva, waida Mutungamiriri! Nesuvo tinoda, hongu, tinodawo Mutungamiriri.

⁴⁴ Konirio, waiva murume mukuru, airemekedzwa. Wakavaka machechi. Wairemekedza Majudha nokuti waiziva kuti manamatiro avo ndiwo aiva akarurama. Uye waipa zvipo, uye wainamata zuva nezuva, asi pakauya Mweya Mutsvene (chimwe Chinhu chakanga chawedzwa kuchechi), iye waida Mutungamiriri. Mwari wakamutumira Mweya Mutsvene. WakaUtuma muchimiro chomunhu Petro, “Nokuti Petro achiri kutaura Mashoko awa, Mweya Mutsvene wakauya pamusoro pake.” [Hapana chinhu patepi—Mupepeti.] Mwari wakashandisa Mutungamiriri kubudikidza naPetro. WakaUshandisa, nokuti Wakatungamirira Konirio kunzira yakarurama. Uye achiri kutaura, Mweya Mutsvene wakauya paVatorwa vasati vari

ma Judha. Zvino iye akati, “Pane acharambidza here mvura, kuti ava varege kubhabatidzwa?” Maona, achiri Mutungamiriri achitaura, kwete Petro. Nokuti avo rakanga riri boka revaJudha...kana kuti Vatorwa, “vasina kuchena, vakasviba” kwaari, uye wakanga asingatodi kuendako. Asi Mutungamiriri akati, “Ndiri kukutuma.” Unoita zvinhu zvausingafungi kuti ungaita, kana Mutungamiriri ava kunyatsokutonga, kana waMutendera kukutungamirira. O, zvinoshamisa sei kutungamirirwa neMweya Mutsvene. Ndiye Mutungamiriri. Zvakanaka. Wakataura nomuna Petro akamuudza zvaai fanira kuita. Zvino vose pavakagamuchira Mweya Mutsvene, akati, “Hatingarambidzi mvura, tichiona kuti ava vagamuchira Mweya Mutsvene sezvatakaita isu pakutanga.” Ndokubva avabhabatidza muZita raIshe Jesu. Zvino, ndiani wakamutungamirira kuita izvozvo? Mutungamiriri waiva maari. Jesu haana kuvaudza here, “Musafunga kuti muchazonotaurei, nokuti hamusimi munenge muchitaura; ndiBaba vanogara mamuri, Ndivo vanotaura”? Ameni.

⁴⁵ Muranda wekandase, aidzika kubva kuJerusarema. Zvino Mwari waiva neMutungamiriri panyika panguva iyoyo, Mweya Mutsvene, uye Aiva nomurume zasi uko wakanga akazadzwa noMutungamiriri uyu. Wakanga asitombori muparidzi, wakanga akaita somudhikoni. Uye wakanga ari zasi uko achipodza vanorwara nokudzanga madhimoni, achikonzera kushamisika kukuru, nomufaro mukuru muguta. Waiva nemazana avanhu vakamuunganira, Mutungamiriri ndokuti, “Zvakwana, ngatidzokere nenzira iyi.” Haana kuita nharo noMutungamiriri wake.

⁴⁶ Usambofa wakaita nharo neShoko roMutungamiriri wako. Mutevere. Ukasadaro, unoguma warasika. Uye, rangarirai, kana ukaMusiya, wava wega, saka tinoda kugara pedyo neMutungamiriri.

⁴⁷ Saka ari munzira, Akati, “Chisiya boka iri zvino, Firipi, uye uchienda murenje umo musina kana munhu. Asi ndiri kukutuma ikoko, zvino kunenge kwava nemumwe munhu pandichange ndakusvitsa ikoko.” Hepanoi pouya muranda wekandase ari ega, waiva munhu mukuru wamambokadzi wezasi kuEthiopia. Saka waidzika, achiverenga Bhuku raIsaya. Uye Mutungamiriri ndokumuti, “Swedera pedyo nengoro.”

Iye ndokuti, “Unonzwisisa here zvauro kuverenga?”

⁴⁸ Iye akati, “Ndingazvinzwisisa sei pasina munhu anonitungamirira?” O, ini zvangu! Asi Firipi waiva neMutungamiriri. Ameni. Wakabva atangira paGwaro rimwe chete iroro, ndokumuparidzira Kristu. Ameni. Mutungamiriri! Kwete kumuudza zvimwe zvitendwa, wakamutaurira pamusoro peMutungamiriri, Kristu! Uye akamubhabhatidza kunze

uko muneimwewo mvura. Zvirokwazvo, ndizvo zvayaiva. O, ndinozvada sei izvo!

⁴⁹ Isiraeri payakabva muEgipita ichienda kunyika yechipikirwa, munaEksodo 13:21, Mwari waiziva kuti havana kumbofamba nenzira iyi. Paingova namamaira makumi mana bedzi, asi vaida chimwe chinhu kuti chiende navo. Vaigona kurasika. Saka Iye, Mwari, wakavatumira Mutungamiriri. Eksodo 13:21, inoreva zvakaita sezvizvi, “Ndinokutumirai Mutumwa waNgu pamberi penyu, Shongwe yoMoto, kuti ikuchengetedzei muri munzira,” kuti ivatungamirire kuenda kunyika iyi yechipikirwa. Uye vana vaIsraeri vakatevera Mutungamiriri iyeye, Shongwe yoMoto (usiku), Gore masikati. PayaImira, ivo vaimira. PayaIfamba, ivo vaifamba. Uye paAkavaswededza pedyo nenyika iyo, ivo vasati vakodzera kuyambukireyo, Akavatungamirira vachidzokera kurenje zvekare. Haana kugona kuenda navo.

⁵⁰ Ndizvo zvazviri, kuchechi nhasi. Hazvina kupokana kuti pava nekutsungirira kwaMwari nhasi, sezvazvaiva mumazuva aNowa, chechi ingadai yakatoenda kare dai yakanga yatsiurika nokugadzikwa muhurongwa. Asi Iye anofanira kutitungamirira achititenderedza nokutitenderedza.

⁵¹ Isiraeri haina kuziva, kuti pavaidanidzira, vachiona varwi vaEgipita vafa, mabhiza anyudzwa mumvura, ngoro dzaFarao dzapidigurwa, vawana kukunda kwavo, Mosesi ari muMweya, achiimba muMweya, Miriamu achitamba muMweya, uye vanasikana vaIsraeri vachimhanya vachikwidza nekudzika pamahombekombe, vachidanidzira nokutamba, vakanga vatova mazuva mashomanana bedzi kubva kumukaka nouchi. Havana kuziva kuti yaiva kure navo makore makumi mana, nokuti vakatanga kunyunyutira Mwari noMutungamiriri.

⁵² Zvino tinozviana isu tava munzira imwecheteyo. Ndichaenda kuShreveport ndabva pano. Uye Mweya Mutsvene wakaburuka paZuva roKuvonga, makore makumi mashanu apfuura, mu—muLouisiana, paZuva roKuvonga. Chechi yadonha zvakadini kubva panguva iyo! Munozviona here kuti chechi yeRoma Katorike payakatanga yaiva chechi yepentekosta? Ichi ndicho chokwadi. Ndizvozvo. Yaiva chechi yepentekosta, asi vanoremekedzwa vakatonhora vakatanga kupindamo ndokushandura ma—maGwaro aMwari kuafananidza netsika dzavo, vachiwedzera kwaAri zvitevedzwa, nezvakadaro. Zvino onai kuti zvii zvavavanazvo, hapachina kana chipenga cheGwaro mazviri. Vakatsiva chimwe nechimwe chinhu, chimedu chechingwa chakatsiva Mweya Mutsvene. Kusasa kwakatsiva kunyudza mumvura. Vakatsiva “Ishe Jesu Kristu” na “Baba, Mwanakomana, noMweya Mutsvene.” Vakatsiva zvinyorwa zvikuru zvose izvi zvaMwari zvaakatinyorera pasi, zvino vavakure, kure chaizvo, kuresa neDzidziso yeMagwaro.

⁵³ Uye Pentekosta yakaburuka muLouisiana, makore makumi mashanu apfuura, uye kana ikaramba iripo mamwe mazana maviri amakore, ichange yava kure kupfuura chechi yeKatorike pairi, kana ikaramba ichidonha nemadonhere ayanga ichiita mumakore makumi mashanu awa apfuura, nokuti vari kungowedzera kwariri nguva dzose, vachiramba vachingodaro. Vaparidzi vachinyakare hapasisina. Shumiro dzekuparidza mumigwagwa, hauchambonzwi kana neimwe chete. Chose chatinacho iboka rezve Hollywood rakawedzera pazviri, madzimai akagera vhudzi akapfeka zvikabudura, akazvipenda, nezvimwe zvose, vachizviti Makristu. Mumwe Riki muduku ane gitare, achimhanya achikwidza nokudzika ipapo, madzimai akapfeka dhirezi rakati mbambamba se...seganda riri pasoseji sokunge ga—ganda riri kunze, ndingangoti, vachizvizunza vachitenderera papuratifomu, vachimhanya vachikwidza nokudzika papuratifomu, vachidzana mhethe dzakaremba panzeve, uye vaine kugerwa kutsva kwavanamai-muridzi-wenyika, ipapo vozvidaidza kuti Chikristu.

⁵⁴ Chatinoda kunamata kwekare, kwakatumwa naMwari, kunopisa kunozopisa zvenyika kubva muChechi. Tinofanira kudzokera kuMweya Mutsvene nomoto, kudzokera kuchinhu chinopisa tsvina, chinodzosa kuparidza kwekare, chinoita kuti denga rive rakakwirira, nokuita kuti gehena ripise, kuparidza kwakananga sepfuti. Tinoda kuparidza kwakadaro. Asi ukazviita nhasi, unganano yako inovhotera kukudzina.

⁵⁵ Dzimwe nguva vaparidzi vakanaka vanotsauswa neunganano dzavo. Ndiko kusaka ndisina sangano. Ndine muzinda mumwe chete, unobva kuDenga. Kwese kwaAnondituma, ndiko kwandinoenda. Chose chaAnotaura, ndicho chandinotaura. Hatidi sangano. Chechi ino ikangotaura bedzi pamusoro pokuita sangano, matorasikirwa nomufundisi wenyu ipapo. Handingambomiriri izvozvo, kana kwemaminitsi mashanu chaiwo. Chechi yose yakaita sangano yakapinda mukuparara, uye ndiudze imwe isina kudaro, uye ndiudze imwe yakazombomukazve. Mweya Mutsvene unotumirwa kutungamirira chechi, kwetewo rimwe boka ravanhu rume. Mweya Mutsvene ndiwo uchenjeri-hose. Vanhu vanotonhora, voshaya hanya.

⁵⁶ Mwari wakavaudza kuti aizovatumira Mutungamiriri, Iye waizovatumirira munzira. Uye nguva dzose pavaitevera Shongwe yoMoto, vainge vakarurama. Wakavatungamirira kusvika pagedhe renyika yechipikirwa, zvino ndipo paAifanira kusvika. Zvino Joshua, murwi uya mukuru, rangarirai zuva riya raakavaudza, “Zvichenesei, zuva retatu Mwari achazarura Joridhani zasi uko tobva tayambuka”? Zvino tarisisai zvaakataura (ndinozvaida izvi) muGwaro, akati, “Garai pedyo muri mumashure meAreka, nokuti hamuna kumbofamba nenzira iyi.”

⁵⁷ Areka chaiva chii? Shoko. Musafamba nenzira dzamasangano enyu zvino, garai kumashure kweShoko, nokuti hamusati mambopfuura nenzira ino. Uye, hama, kana pane nguva apo chechi yeChikristu inofanira kuzvioongorora, ndiiko zvino. Tatovapo iko zvino apo musangano mukuru urikuitwa izvozvi kuRome, kusiyana kuri kuitwa, mubatanidzwa wamachechi, apo masangano ose anobatana pamwe chete kuumba mufananidzo wechikara, izvi chaizvo zvinotaurwa neBhaibheri. Uye munoziva zvatataura mangwanani ano muMharidzo. Uye hepanoi, zvinhu zvose zvanyatsosvika pamukova, vanhu vachiri kungotevera dzidziso dzavanhu. Zviri nani umire seri kweShoko! Shoko richakutungamirira kuti uyambuke, nokuti Shoko ndiKristu, uye Kristu ndiMwari, uye Mwari ndiye Mweya Mutsvene.

⁵⁸ Gara seri kweShoko! O, hongu, changamire! Gara neMutungamiriri uyo. Gara seri kwaRo. Usaenda mberi kwaRo, gara shure kwaRo. Rega Rikutungamirire, usaRitungamirira. Rega Riende.

⁵⁹ Joshua akati, “Zvino, hamuna kumbofamba nokuno, hamuna chamunoziva pamusoro pomugwagwa uyo.”

⁶⁰ Ndiro dambudziko nhasi. Haudi mutungamiriri kuti akutungamirire uchidzika nenzira yakapamhamha. O, unoziva tunzira twese nezvimwe zvose. Munoziva nzira yese inosvika kuchivi. Hapana . . . O, manga muri pano nguva refu. Hakufaniri kuba nemumwe munhu angaedza kukuudzai pamusoro pazvo, munoziva nzira dzokudimburira dzokuita izvozvo zvose. Ndizvozvo, chivi chose, munoziva zvose pamusoro pachu. Hapana munhu anofanira kukuudzai kuti munoba sei; munoziva zvose pamusoro pazvo. Hapana munhu anofanira kukuudzai kuti munotuka sei; munozviva izvozvo. Hapana munhu anofanira kukuudzai kuti munoita zvinhu izvi zvakaipa sei, nokuti zvakanamirwa pamuti wose kwese kwese.

⁶¹ Asi, rangarirai, imi vanhu vari MaKristu, mayambuka mhiri. Mapinda mune imwe Nyika. Makazvarwa patsva. Mava muNyika, Nyika yeDenga. Mava muNyika yechipikirwa.

⁶² Munogona kutarisa, munoziva nzira yenyu pano. O, ini zvangu, ndizvozvo. Munoziva kuti chii—chii, kuti munoita sei pamakasi. Munoziva zvamadhaiza, kana rikatenderera, kuti zvinorevei, nezvose zvakadaro. Asi kana pava pakuziva utsvene nokururama nesimba raMwari, uye kuti Mweya Mutsvene unoshanda sei nezvaUnoita, zviri nane ugare seri kweShoko, Mutungamiriri. Maona? Hausati wambopfuura nenzira iyi.

⁶³ Zvino, unoti, “Ndanga ndiri munhu akadzidza, ndanga ndine—ndanga ndine madhigirii maviri kucollege.” Zviri nane uzvikanganwe. Hongu, changamire.

⁶⁴ “Ndakaenda kuseminari.” Zviri nane uzvikanganwe. Hongu. Zviri nane ugare shure kweMutungamiriri. Murege

Akutungamirire. Anoziva nzira; iwe hauzivi. Hausati wambopfuura nenzira iyi. “Zvakanaka,” unoti, “ivo vakapfuura nayo.”

⁶⁵ Onai kana vakapfuura nayo. Jesu akati, “Avo vakafamba nenzira iyi, zviratidzo izvi zvichavatevera. MuZita raNgu, vachadzanga madhimoni, vachataura nendimi itsva; kana kubata nyoka, kana kunwa zvinouraya, hazvingavakuvadzi. Vakaisa maoko avo pamusoro pevanorwara, vachapora.” Vazhinji vavo vanoramba Izvi, vanoZviramba, vanoti haZvina kutombofemerwa. Havasi kutevera Mutungamiriri. Vari kutevera zvitendwa zvevanhu. Zviri nane ugare shure kweShoko, nekuti hamuna kutombopfuura nenzira iyi, munoziva.

⁶⁶ Asi wakazvarwa patsva, ukazvarwa muutsvene. Hauna kutombofamba nzira iyi kumashure. Wakapfu-...Ukapfuura nenzira iyi, unofanira kupfuura nemuutsvene, nokuti iNyika itsva, Upenyu hutsva, vanhu vatsva.

⁶⁷ Unouya kuchechi wonzwa mumwe munhu achisimuka, odanidzira, “Mwari ngaarumbidzwe! Hareruya!”

⁶⁸ Sei, uchatu, “Ini zvangu, havana kumbobvira vaita izvi muchechi yangu! Ndinosisimuka ndobuda panze!” Maona? Chenjera iwe.

⁶⁹ Gara shure kweShoko, zvino, rega Mutungamiriri akutungamirire. “Achakutungamirira muZvokwadi yose, okuzarurira zvinhu izvi zvandataura kwamuri pamusoro pazvo. Achakuratidzai izvozvo. Achakuudzai zvinhu zviri kuuya,” Mutungamiriri wechokwadi. Usaenda kumabhishopi; enda kuMutungamiriri. Usaenda kuna ani kana asi kuMutungamiriri. Ndiye akatumwa kukutungamirirai. Ndiye oga achazviita. Mwari akupai Mutungamiriri. Tora nzira yaMwari yaakakupai.

⁷⁰ Dambudziko racho nhasi nderekuti, vanhu vanouya kuchechi vanogara kwemamitsi mashomana, poitika zvinhu zvasasina kujaira.

⁷¹ Ndakayemura mumwe mudzimai muduku wakabva kuchechi yakatonhora inonamata zvetsika, takangomuisira munamato. Mwari ari kuzopodza mudzimai muduku uyu. Wakanga asingazvinzwisisi izvi. Hapana chaaiziva pamusoro pazvo. Wakapinda, akati iye wakanga asingazivi. Asi ndakamuudza ndikati, “Huya uzondiona.” Waiva mudzimai wainyara nyara uye wakasaririra kumashure, asi Mutungamiriri wakaramba achingomuudza kuti, “Ramba uchienda.” Akazvibata. Ndizvozvo. Maona, imhaka yokuti Mwewa Mutsvene unotitungamirira kuzvinhu izvi. Maona, Mwari une nzira yaakapa.

⁷² Mati mambo...Mati mamboona here madhadha achibhururuka, achidzika kuchamhembe? Zvakanaka, zvino

rangarirai, dhadha iri diki rakazvarirwa uko pane imwe nzvimbo muchidziva. Harizivi kuti mabvazuva ndeapi, maodzanyemba, madokero, uye chamhembe. Harina chimwe charinoziva kunze kwedziva iroro riri pamusoro mumakomo emuCanada. Harina kumbobva mudziva iro, asi rakazvarwa riri mutungamiriri. Dhadha diki iri rakazvarwa riri mutungamiriri. Uye chinhu chokutanga, humwe usiku panouya chando chizhinji chichinaya pamusoro pemakomo. Chii chinaitika? Chando chinopfuura naipapo. Ndinogona kufungidzira richihuta, richiti, “Amai, izvi zvinomboreveiko?” Maona, ranga risati rambotonhorwa nechando ichi. Rinotanga kucherechedza nzvimbo yakapoterredza, rinotanga kuona mhenderekedzo dzedziva, pachitanga kuita chando, chando chichiuva padziva. Harizivi, asi kamwe kamwe... Rakazvarwa kuti rive mutungamiriri weboka ramadhada. Rinosvetuka kubva pakati pedziva iri parinenge rarohwa nacho. Ungazvipa zita raunoda. Tinokuti kufemerwa, kana kuti ungakuti, o, zvemazvarirwe, chero zvazviri. Rinobuda kubva pakati pedziva iroro, rogoisa mhino yaro mumhepo, rigoenda richiti, “Honki-honki, honki-honki!” Zvino dhadha rose riri mudziva rinomutevera. Nemhaka yei? Nokuti anoziva mutungamiriri wawo, kubva pamaririro ake.

⁷³ “Kana hwamanda ikarira zvisinganzwisisiki, ndiani ungazvigadzirira kuenda kuhondo?” Ndizvozvo. Ndiani ungazvigadzirira kuenda kuhondo kana hwamanda ikarira zvisinganzwisisiki?

⁷⁴ Zvakanaka, kana dhadha diki iri rikapa honki isinganzwisisiki, ndiani ungazvigadzirira kubhururuka? Dhadha duku iri rinoisa muromo waro mudenga kunze uko, rodanidzira, “Honki-honki, honki-honki!” Uye dhadha rose duku rinobva rauya kwariri. “Honki-honki, honki-honki!” Heanoi. Mufaro mukuru wakadai waanova nawo, ipapo pakati pedziva, achingotenderera nokutenderera nokutenderera. Mushure mekanguva rinonzwa kusundwa kuchiuva pariri, rinofanira kuchifamba zvino. Rinogadziridza mapapiro aro maduku robhururuka kubva mudziva iro, ropinda mumhepo rotenderera runa kana rushanu, uye rochibva ranyatsonanga kuLouisiana sekugona kose kuri mariri, dhadha rose riri kumashure kwaro. “Honki-honki, honki-honki,” hero ririkuuya. Sei? Mutungamiriri! Ameni! Madhadha anoziva mutungamiriri wawo, chechi haizivi. Hongu, rinoziva zvokuita.

⁷⁵ Tarisai madhadha ekare aya, achibva uko kuAlaska. Zvino, pane mukono mukuru nguva dzose unoatungamirira, uye madhadha aya anofanira kutarisisa gono iri zvakanyatsonaka. Anofanira kuziva kuti gono iri riri kultura pamusoro pei. Mati mamboverenga here pamusoro pazvo mumagazini rinonzi *Look* makore mana apfuura, apo mukono wedhadha iri imwe nguva rakanga risingazivi zvaraiita, rikatungamirira

boka ramadhadha nzira yose kuenda kuEngland? Ndizvozvo. Akanga asina kumbozikanwa kuEngland. Nemhaka yei? Haana kumbocherechedza mu—mutungamiriri wawo. Dhadha gono iri harina kuziva kwarakanga richienda. Zvino ava ikoko haachazivi kuti odzoka sei.

⁷⁶ Ndiro dambudziko ratinaro pamadhadha ose aya nhasi, achiri kungobhururuka. Anoti, magazini re*Look* rakati, madhadha aya akasvika ndokubhururuka achitenderera nokutenderera pamusoro peEngland, asi haachazivi kuti anodzokera sei. Ndizvo zvazviri nemamwe *madhadha* andinoziva. Pane boka guru, rine musangano mukuru wakareba, paine muvhangeri anouya kuzoparidza rumutsiriro kwakanguva, asi hamusi kuziva kwamuri kuenda. Kungobhururuka muchitenderera nokutenderera, nokuti mune dhadha gono rinokutungamirirai muchimhanya nhangemutange yemasangano; musingadzokeri kuShoko raMwari, musingadzokeri mukubhabhatidzwa noMweya Mutsvene. Zvino tingashamisika kuti sei tisina rumutsiriro mumazuva edu. Maona? Munofanira kuva neRuzha runonzwisika! Ruzha urwu ihwamanda yeEvhangeri ichifema Vhangeri, Shoko rose raMwari. Kwete zvitendwa, kwete sangano; asi Bhaibheri, Mweya Mutsvene. “Zviratidzo izvi zvichatevera vanotenda.” Maona? Ipapo anodzika nenzira.

⁷⁷ Rimwe dhadha gono imwe nguva, vakati, rakaurayisa rimwe boka, richiedza kubhururuka nawo murima, risingazivi kwaraienda, iro pacharo, akarovera ose pamakomo kunze uko, mamwe awo akapamuka-pamuka, akaputika. Zvamazvirokwazvo! Anofanira kuziva ruza rwakanyatsonanga. Dhadha gono diki iri, rikarira neruzha runozikanwa nemamwe ose, anoungana ofara nokubva oenda akananga kuchamhembe. Anoenderei zasi uko? Ndiko kusingatonhori.

⁷⁸ Zvino, kana Mwari achipa dhadha pfungwa dzakakwana dzokuziva kunzvenga chando, haAngatonyanyi here kupa chechi? Kana dhadha richigona kuita izvi nokuda kwemazvarirwo aro, ko Mweya Mutsvene ungadii muchechi? Zvinofanira kutitungamirira kubva patsika dzekare nezvitendwa nezvimwe zvinhu, tichipinda mukubhabhatidzwa noMweya Mutsvene, kunoshamisa. Zvinounza simba, zivo, mwoyo murefu, humwari, uye Mweya Mutsvene. Ndizvo zvatintutungamirirwa kwazviri noMutungamiriri chaiye, nokuti Haana chimwe chaanofema kunze kweEvhangeri, Shoko raMwari bedzi. Zvirokwazvo, munoda Mutungamiriri!

⁷⁹ Apo, vachenjeri vaya, vakanga vasina chavanoziva pamusoro paMwari. Vaiva—vaiva vemasaramusi, vamasaramusi. Vakanga vari kunzvimbo dzekumabvazuva. Munoziva, Bhaibheri rakati, “Taona Nyeredzi yaKe kuMabvazuva, zvino tauya kuzoMunamata.” Vaibva kumadokero, ndokutarisa

kumabvazuva ndokuona Nyeredzi yaKe . . . kana kuti vakatarisa kumadokero, ivo vaiva kuMabvazuva. Tanga tiri kuMabvazuva, tikaona Nyeredzi yaKe kuMadokero. Maona? “Taona Nyeredzi yaKe kuMabvazuva.” Uye, maona, vakanga vari kuMabvazuva. “Patakanga tiri kuMabvazuva takaona Nyeredzi, zvino tauya kuzoMunamata.”

⁸⁰ Ndinofungidzira ndichiona machinda aya achigadzirira kuenda. Ndinofungidzira mumwe wemadzimai avo achiti kwaari, achiti, “Imi, marongedza zvose, asi chinongedzo chenyu chiri kupi?”

Akati, “Ha—handisi kushandisa chinongedzo nguva ino.”

⁸¹ Akati, “Muchayambuka makomo sei?” Rangarirai, vaifanira kuyambuka Rwizi Tigris vopfuura nomumapani, uye, sei, vakanga vane rwendo rwemakore maviri vari pangamera. Vaizorwuita sei? Akati, “Zvakanaka, hamusi kutora chinongedzo.”

Akati, “Kwete.”

“Muchafamba sei?”

⁸² “Ndiri kuenda nenzira yakapiwa naMwari. Nyeredzi iyo ichanditungamirira kusvika kuna Mambo iyeye.” Ndizvozvwo.

⁸³ “Takaona Nyeredzi yaKe kuMabvazuva, tikaItevera nzira yose kusvika kuno kumadokero, kuti tizoMunamata. Ari kupi?” Vakatevera nzira yakapiwa naMwari. Vakabatwa nezvitendwa zvine chitsama zasi uko kwekanguvana. Vakapinda muJerusarema ndokutanga kukwidza nokudzika nomugwagwa, ava vanhu vakanga vakapfeka zvakaisvonakisa, vachiti, “Aripiko? Wazvarirwepiko Mambo wavaJudha?” Zvakanaka, ndiye wakanga ari mukuru, yaiva Jerusarema. Zvirokwazvo chechi huru inofanira kuziva chimwe chinhu pamusoro paZvo. “Iye Aripiko? Wazvarirwepi Mambo wavaJudha? Taona Nyeredzi yaKe kuMabvazuva, tauya kuzoMunamata. Iye Aripiko?”

⁸⁴ Sei, vakaenda kuna mufundisi *Nhingi-nhingi* uye muprisita mukuru *Nhingi-nhingi*, hapana kana mumwe wavo waiziva pamusoro paZvo. “Sei, pane Mumwe wazvarwa Mambo wavaJudha, Uripo?” Vakanga vasingazivi.

⁸⁵ Asi kwakanga kune boka ravafudzi kudivi regomo vachingunokuva nenguva yakanaka, hongu, changamire, nokuti vakanga vauya nenzira yakapiwa naMwari.

⁸⁶ Saka vakaramba varipo, uye zvakananga akabva ati, “Regai ndikuudzei zvatinfanira kuita, tinofanira kuva nemusangano weboka ravatungamiri.” Saka vakadaidza musangano weKanzuru yeSanhedrin, uye—uye vakafunga kuti kana vaine chavanga vanzwa pamusoro paZvo. “Kwete, hatina kumboziva chinhu pamusoro paZvo.”

⁸⁷ Ndizvo zvazviri nhasi. Havana chavanoziva pamusoro peMutungamiriri uyu, Mweya Mutsvene uyu unopodza,

unozadza, unoponesa, unouya zvakare. Mutungamiriri wakatiudza zvinhu zvose izvi zvakaitika, hetinoi tiri pakati pawo chaipo. Munzveri wepfungwa dzemwoyo; havazivi chinhu pamusoro paZvo, vanoZviti kuverenga pfungwa kana zvimwe zvakadaro. Havazivi chokutaura pamusoro paZvo.

⁸⁸ Saka, munoona, vachenjeri avo, pose...Rangarirai, pavakapinda muJerusarema, Nyeredzi yakanyangarika. Uye nguva yose kana uchitsvaka zvitendwa nevanhu vemasangano kuti vakutungamirire kuna Mwari, rubetsero rwaMwari runobva pauri. Asi pavakafinhikana nokuneta nazvo, vakazvisiya, vakasiya zvitendwa nemasangano evaJudha ivavo, vakabuda muJerusarema, ipapo Nyeredzi yakaonekwa zvakare vakafara nomufaro mukuru kwazvo. Vakaona Mutungamiriri zvakare! O, ndizvo zvazviri, ukapinda chechi yakare yakatonhora, inonamata zvetsika, zvino wozopinda mune yakanaka ine moto, wona Mutungamiriri achitungamirira, zvinopa musiyano wakadini! Hongu, “Takaona Nyeredzi yaKe kuMabvazuva uye tauya kuzoMunamata.”

⁸⁹ Joshua akati kwavari, “Imi teverai Areka, nokuti hamuna kumbofamba nenzira iyi.” Mwari haazombotenderi Areka iyi kufamba nokumwe kunze kwokufamba mugwara. Munhu wose akaItevera, Iyo ikayambuka Jorodhani.

⁹⁰ Ndizvo zvazviri nhasi, noMweya Mutsvene. Hongu, changamire. Chinhu chimwe chete bedzi chatinoziva, kuti Mweya Mutsvene here kana kuti kwete, tinoona zvauno... zvaUnoratidza, zvinoratidzwa zvichisimbisa Shoko raMwari.

⁹¹ Zvino, nguva shoma yapfuura, boka rehama raiva neropa nemafuta, uye zvakanaka kana vachida kuti zvfambe nenzira iyoyo. Ini...Kwandiri haisiyo simbiso. Inofanira kuva simbiso yeMagwaro, maona, nguva yose chero zvichisimbisa zvakataurwa naMwari, zvakanaka. Vakati, “Ichi ndicho chikonzero wakagamuchira Mweya Mutsvene, nokuti une mafuta muruoko rwako.” Zvino, ini—ini handiteveri izvozvo. Maona? Kwete, handitendi kuti mafuta ane chokuita pazviri. Uye kana ropa iro riri iro richazopodza nokupa ruponeso, zvino chii chakaitika kuRopa raJesu Kristu? Kana mafuta achipodza, ko mavanga aKe? Maona? Maona?

⁹² Ndinoda kuti Mutungamiriri auye, anokuunza kuZvokwadi yeShoko, ipapo unozoviva kuti uri mugwara uye wakagadzirira kuenda. Ndizvozvo, wakagadzirira kubhururuka uchienda. Hongu, changamire. Hongu, nokuti sei? Mutungamiriri Ndiye Anoita kuti zvive zvamazvirokwazvo.

⁹³ Ndine Gwaro pano, ndanga ndapa Magwaro aya, asi ndinoda kuverenga iri. NdiPetro Wechipiri, chitsauko 1, ndima 21.

Nokuti...chiporofita hachina kuuya munguva dzakare nokuda komunhu: asi kubudikidza nevanhu

vatsvene *vaMwari vakataura* pavaisundwa *noMweya Mutsvene*. [KJV—Mupepeti.]

⁹⁴ Chiporofita chakauya sei? Hachina kuuya nokuda komunhu, zvitendwa zvasangano; asi nokuda kwaMwari, apo vanhu vatsvene vakasundwa noMweya Mutsvene. Ndiye akagara achingova Mutungamiriri waMwari. Waiva Mweya Mutsvene waiva muShongwe yoMoto, waiva Mweya Mutsvene, munhu wose anoziva kuti iyeye waiva Kristu. Mosesi wakaramba Egipita, akakoshesa kushorwa kwaKristu achikuti ipfuma zhinji kupfuura yeEgipita. Iyeye waiva Kristu. Zvakanaka, pavanomira kunze uko vachiti, “Zvakanaka, Iwe Unozviti. . . Nemhaka yei, hausati wasvitsa makore makumi mashanu okuberekwa, Iwe woti wakaona Abrahamama?”

⁹⁵ Iye wakati, “Abrahamama asati avapo, INI NDIRIPO.” INI NDIRIPO ndiye wakasangana naMosesi muShongwe yoMoto mugwenzi raipfuta. Hongu, changamire. Wakanga ari Mwari wakaitwa nyama. Kwete munhu wechitatu; Munhu mumwe chete apinda muhofisi yakasiyana. Kwete vanamwari vatatu; mahofisi matatu aMwari mumwe chete. Ndizvo chaizvo.

⁹⁶ Zvakanaka, zvino, Magwaro. Nguva dzose, kana Mwari achipa, Unopa zvakanakisisa. Mwari paakapa nzira yokuchengetedza chechi yaKe, Wakapa yakanakisisa. PaAkapa Adhama naEvha, mubindu reEdheni, chaAkavapa raiva Shoko raKe. “Iwe gara shure kweShoko iri, uchava wakachengeteka. Asi ukabva shure kwaRo, zuva iroro rauchadya nezuya iro uchafa.” Mwari haana kumboshandura maitiro aKe. Uye Satani haana kumboshandura akevo; mapindiro aakaita muna Adhama naEvha, ndomapindiro aanoita mavari nhasi. Sei? Nokuedza kushandisa njere paZviri. “Zvino, zvinonzwisika kuti Mwari haangadaro. O, Mwari wakati,” Satani akati, “zvirokwazvo Mwari mutsvene haangaiti izvi.” Zvirokwazvo Anodaro, nokuti Akati Achadaro!

⁹⁷ Uye ndizvo zvinotaurwa navanhu nhasi, “O, imbomira! Hautendi zvino, kana ndichienda kuchechi nokubhadhara zvegumi zvangu, uye ndichiita *izvi*, *nezvozvo*, Mwari ungandirashira zasi uko?” Kana munhu asingazvarwi patsva, haangatombonzwisisi Humambo hwaMwari! Maona? Hapana pembedzo! “Zvakanaka, ingava harahwa ineurombo, kana chembere ineurombo, asi mweya womunhu womukati wakanaka.” Nzira bedzi yavangakwanisa kuona Mwari nayo, ndeyokuti vazvarwe patsva. Ndizvozvo bedzi. Handina basa nokuti vaduku zvakadini, vachembera zvakadini, vaduku zvakadini, zvii zvakaita, vakaenda kuchechi rungani, vanoziva masangano mangani, vanogona kudzikorora zvitendwa kusvika pakadini. Unofanira kuzvarwa patsva kana kutoti hausitombori panheyo, kubvira pakutanga. Ndizvozvo chaizvo.

⁹⁸ Saka, munoona, munoda Mutungamiriri. Unokutungamirirai kuZvokwadi, uye Zvokwadi iShoko. Unokutungamirirai. Uye zvakagara zvakangodaro. Mwari haana chaanofanira kushandura, nokuti haagumirwi nenjere uye unoziva zvakanyanya kunaka. Ari kwose-kwose, Anoziva zvose, Ndiye—Ndiye zvose. Ndizvozvo, Mwari zvaari, saka haAfaniri kushanduka. Ndizvozvo.

⁹⁹ Ndiye Musimbisi wenzira yaAri kukutungamirira. Mweya Mutsvene, Mutungamiriri, ndiye Musimbisi weShoko rimwe chete raAri kudzidzisa. Zvino, Ruka wakatungamirirwa noMutungamiriri, kutaura kuti, “Endai munyika yose, muparidze Evhangeri yose kuzvisikwa zvose. Unotenda akabhabhatidzwa uchaponeswa, usingatendi watotongwa. Uye zviratidzo izvi zvichatevera vanotenda; muZita raNgu vachadzanga madhimoni, vachataura nendimi itsva, vachabata nyoka, vachanwa zvinouraya, vachaisa maoko pamusoro pavanorwara vachapora.” Uye Bhaibheri rakati, “Vakabuda vakaenda kwose kwose,” vachitungamirirwa neMutungamiriri, munoziva, “vakaparidza Shoko, zviratidzo zvichitevera.” Chaiva chii? Mutungamiriri achisimbisa kuti Icho chaiva Chokwadi!

¹⁰⁰ Ndiwo maitiro aMwari. Ndiwo manyorerwe azvakanga zvakaitwa. Ndiwo hurongwa hwaKe; haAngashanduki kubva pazviri, nokuti haAgumirwi nenjere. Amen. HaAngashanduki kubva pazviri; ndiMwari. Ini ndinogona kushanduka; ndiri munhu. Iwe unogona kushanduka; uri murume kana mukadzi. Asi Mwari haagoni kushanduka. Ini ndine pandinogumira; ndinogona kuita mhosho nokutaura zvisiri izvo, tose tinogona kudaro. Asi Mwari haagoni kudaro, akagova Mwari. Sarudzo yaKe yepakutanga yakakwana. Mwari nzira yaanoita nayo zvinhu panzvimbo, ndiyo nzira yaAnofanira kuita nayo nguva dzose. Kana Akadaidzwa panzvimbo kuti aponese mutadzi, Anomuponesa panheyo yechinhu chimwe chete. Nguva inotevera pakauya mutadzi, Anofanira kuita nenzira imwe chete, kana kutoti Akaita nenzira isiri iyo paAkaita pokutanga. Amen. NdinoMuda. Ndinoziva kuti ichi iChokwadi.

¹⁰¹ Ndava nemakore makumi mashanu nematatu okuberekwa, ndanga ndichiparidza Evhangeri pano kwemakore makumi matatu nematatu nechidimbu, handisati ndamboona Izvi zvichikundika. NdakaZviona zvichiedzwa pandakatenderera kanomwe pasi rose, muzvinamoto zvemhando dzose nezvose, pamberi pevashinji vanosvika hafu yemirioni panguva imwe chete, uye haZvina kumbokundika. Handisi kutaura zvinobva mune rimwe bhuku, ndiri kutaura zvezviitiko zvandakasangana nazvo, zvokuti Mwari unomira achitsigira Shoko raKe nokuRiremekedza. Zvino, kana uine imwe mhando yechitendwa, zviri nane unyatsochitarisisa. Asi Mweya Mutsvene unotsigira Shoko raMwari.

102 Muna Johane Mutsvene, chitsauko 1 ndima 1, akati, “Iye iShoko. Ndiye Mutungamiriri. Pakutanga kwaiva neShoko, Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko raiva Mwari. Uye Shoko rakaitwa nyama rikagara pakati pedu.” Ini zvangu ini!

103 Petro wakatungamirirwa kutaura kuti, pana Mabasa 2:38, pakuti tinogamuchira sei Mweya Mutsvene, akati, “Tendeukai, mumwe nomumwe wenyu, mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu kuti zvivi zvenyu zviregererwe, zvino Mutungamiriri achakutorai kubva ipapo.” Hongu, ndicho chinhu chaunofanira kuita. Chokutanga, tendeuka zvivi zvako, kusatenda kwako, kuti wanga usingatendi zvinhu izvi. Tendeuka, zvino wozobhabhatidzwa, zvino Mutungamiriri unozokutora kubva ipapo. Maona, iroro ndiro basa rako. Ibaso rako kutendeuka. Ibaso rako kubhabhatidzwa. Zvino rinozova basa roMutungamiriri kukutora kubva ipapo zvichienda pamberi, kukutungamirira kubva pasimba kuenda kuzivo, kukuzvidzora, kumwoyo murefu, kuhumwari, nokurudo nehama, zvino Mweya Mutsvene wozokusimbisa. Maona? Zvino wava chimiro chakazara chaMwari, munhurume waMwari chaiye, munhukadzi waMwari chaiye, akasimbisirwa munaKristu. Ndinozvida izvi, zvokuti akasimbisirwa munaKristu.

104 Hongu, Marko wakatungamirirwa noMweya Mutsvene, kunyora Marko 16, kwazvo.

105 Johane wakatungamirirwa paakanyora Zvakazarurwa. Wakutungamirirwa noMutungamiriri. Uyevo wakatungamirirwa noMutungamiriri kuti ati, “Wose anobvisa Shoko rimwe kubva maRiri, kana kuwedzera shoko rimwe kwaRiri, iyeye achabviswa, chikamu chake, kubva muBhuku roUpenyu.”

106 Zvino, uchatsiva sei Shoko raMwari, nechimwe chinhu, wozoramba uchiti uri kutungamirirwa noMweya Mutsvene? Hazvina musoro, handiti? Kwete, changamire. Hazvina.

107 Ndiye Mutungamiriri wangu muhupenyu hwose. Ndiye anonditungamirira kuHupenyu. Ndiye wakanditungamirira kuHupenyu, uye Ndiye Hupenyu hwangu. Pasina Iye handina Hupenyu. Pasina Iye hapana chimwe chandinoda. Ndiye Zvose-muna-Zvose. Munguva dzangu dzokutambudzika, Anomira neni. Zuro wakandiropafadza, nhasi aita zvimwe chete. Chii chimwe chandingatarisira? Zvimwe chete nokusingaperi, Zita raKe ngarirumbidzwe! Amen. Hongu, changamire. Wakazvivimbisa. Uchazviita. Ndiye Hupenyu hwangu, Ndiye Mutungamiriri wangu, Zvose-muna-Zvose. Ndakavimba naYe. Ndakava nemiedzo yakaoma. Ndinovimba naYe kwese kwandinoenda. Ndinoda kuti imi mudaro. Kana maenda kundowacha, imi madzimai, vimbai naYe. Ukaenda kuguta, vimba naYe.

108 Pane imwe nguva yandakasvika pakufunga kuti ndinenge munhu anoziva zvomusango chaizvo, munoziva, ndakanga ndavhima kazhinji chaizvo. Ndikafunga kuti, “Ndiri nyanzvi, hapana arikuzondi. . . Handingamborasiki. Amai vangu vaiva chikamu chapakati-napakati cherudzi rwama India, uye ndaizvifarira. O, ini zvangu! Handingamborasiki musango, ndinoziva pandinenge ndiri.”

109 Uye ndakaenda kuzororo rokufefeterwa nemhepo no mudzimai wangu, ndakaita sokuti nyengerei mudzimai wangu zvishoma, ndikamuti, “Unoziva, mudiwa, chingava chinhu chakanaka kuti tichate musi wa23 Gumiguru.” Nokuti, ndipo pandakanga ndaudzwa naShe kuti ndizviite.

110 Uye ndakafunga, “Zvino, kuti tingoita kazororo kaduku nemudzimai kokufefeterwa nemhepo, ndakanga ndachengetedza mari yangu, kuti ndigoenda naye kuMapopoma eNiagara, toyambukira kuAdirondack tombondovhima zvishoma.” Maona? Saka ndakamutora naBilly, iye wanga achiri mudukuduku. Saka ndakamutora tikaenda kuzororo kunofefeterwa nemhepo, uyevo, rwaiva rwendo rwokundovhima, munoziva. Saka—saka ndakati chingava chinhu chakanaka chokuti tiite. Saka ndakatora mudzimai tikakwirako, uye. . .

111 Ndakanyorera VaDenton, muchengeti wemhuka dzesango. Zvino isu taizonokwira muGomo Hurricane. Ini ndikati, “VaDenton, ndiri kuuya ikoko, ndinoda kuvhima zvitsere nemi mumasutso ano.”

112 Iye akati, “Zvakanaka, Billy, huya hako.” Saka akati, “Ndichavako pazuva rakati-rikati.” Zvakanaka, mudzimai neni takakurumidza kusvikako nezuva rimwe chete, naBilly, saka imba iyo yematanda yakanga yakakiiwa. Asi pakange paine chimusasa chokungobatsirika nacho musango imomo.

113 Ipapo, Hama Fred Sothmann neni takamirapo nguva shoma yapfuura. Ndakaona Mweya Mutsvene, wakamira ipapo, Chiedza chiya cheyellow chichifamba chichitenderera gwenzi, uye Fred akamira ipapo chaipo. Iye Akanditi, “Huya pano, ndinoda kutaura newe. Mangwana,” akati, “ngwarira, vane riva ravakagudzirira.” Akati, “Iva wakangwarira!” Ndizvo here, Hama Fred? Uye ndakaenda ndikataurira mazana avanhu usiku uhwo, ikoko kuVermont, ndikati “Pane riva randateyerwa; ndichariona kuti chii. Handizivi kwariri.” Uye usiku hwakatevera chaihwo, ndakariona richiuya, hero iro. Akati, “Herinoi riva riya rateyewa.” Hongu, changamire. Asi Mweya Mutsvene wakanditungamirira zvokuita. Uye, o, ini zvangu, ndizvozvo chaizvo! O, vazhinji venyu munoziva kuti chaiva chii. Handina nguva yokuzvitaura.

114 Asi ndakamira ipapo panzvimbo iyoyo nguva iyoyo, kwakatanga kungotonhora musi uyu. VaDenton vakanga vachizouya mangwana acho, ini ndikati, “Unoziva, mudiwa,

zvinganaka kana ndikavhima nhoro ho—hombe yokuenda nayo kumba.” Ndikati, “Taka . . . ndakachengeta mapeni aya, uye tine nguva duku tichangochata.” Uye ndikati, “Tingatowana nyama yedu yomuchando kana ndikandovhima nhasi.”

¹¹⁵ Iye akati, “Zvakanaka, enda zvako, Billy.” Akati, “Zvino, unorangarira, kuti handina kumbogara mumasango aya,” akadaro. Wakanga ari nzvimbo mamaira makumi maviri namashanu mumakomo, munoziva, ndokubva ati, “Handina chandinoziva pamusoro peizvi.” Uye akati, “Saka ini . . .”

¹¹⁶ Ndikati, “Zvakanaka, zvino, unorangarira, ava makore maviri ndauraya zvitsera zvitatu. Kwaiva seri uko pamusoro pegomo iro.” Uye ndikati, “Zvino, ndichavhima nhoro huru uyezve nechitsere,” ini ndikati, “tinobva tava nyama yedu yemunguva yechando.” Zvakanaka, zvainzwicka zvakanaka, munoziva. (Zvino takatanha mbambara, uye takawana marasha edu e—enguva iyoyo yechando; uyezve ipapo Billy wakadzitengesa, uye Meda neni takazviunganidza usiku ihwohwo mushure mekunge ndapedza kupatirora kwangu.) Saka zvino nda—ndakati, “Zvakanaka, ndava kutora pfuti yangu, ndodzika zasi uko.” Ndikati, “Mune nhoro dzakawanda chaizvo mukati umu, ndichawana imwe.” Uye ndikati, “Unoziva,” ndikati, “ndinobva ndangoipfura.” Uyezve ndikati, “Ticha . . . Ndichadzoka munguva shomanana iri kutevera.”

Iye akati, “Zvakanaka.”

¹¹⁷ Saka, pandakatanga kufamba ndichienda, kwakanga kwakati dzikirei. Uye upi noupi zvake wenyu imi vanhu vokuNew Hampshire, uye vomuNew England, munoziva zvazvinoreva kana mhute yauya, kana kuti nzvimbo ipi zvayo mumakomo, hauzombozivi kuti uri papi. Ndizvozvo bedzi. Haugoni kuona ruoko rwako pamberi pako. Saizvozvo ndakatanga kudzika nomu—nomune kaiita sekakoronga, ndichidzika, ndokubva ndayambuka muchinjiziri ndokukwira. Zvino ndakaona ingwe, kudivi rino renyika ndiro zita ramungaipa. KuMadokero, isu tinoiti, dindingwe. Kumusoro uko, vanoiti, shumba yomugomo. Asi inongova mhuka imwe chete iyoyo. Asi ingwe, ndochaizvo zvairi. Ikatsi yerudzi rumwechete, yakareba mafiti anenge mapfumbamwe, ichirema zana nemakumi mashanu, kana mazana maviri emapaunzi. Yakayambuka nzira, ini ndikakurumidza kubata pfuti, asi handina kukurumidza zvekukwanisa kuipfura.

¹¹⁸ Zvakanaka, ndakafamba nepamusoro pegomo, ndichitevera ingwe iyi, ndichinyatsotarisisa mashizha ayaizungunutsa, munoziva. Ndaikwanisa kuinzwa. Yaiva nemakumbo mana. Ndinoziva kuti yakanga isiri mhuka ine makumbo maviri, makumbo ayo mana. Uye ndaiziva kuti yakanga isiri nhoro, nokuti nhoro inobhidhaira. Zvino iyo yaigona kunyahwaira zvinyoronyoro, katsi, munoziva, saizvozvo. Uye

chitsere chinokanyaira chichipeta-peta tsoka dzacho kana chichifamba. Saka ndakaziva kuti inofanira kuva ingwe. Uye yakanga iri seri kwedanda ndikasakwanisa kuiona, kusvikira pandakazongoiona zvishoma, yakabva yatoenda.

¹¹⁹ Uye ndakatarisisa payakanga yazungunutsa mashizha, munoziva, uko kumusoro kwegomo, uye achidzika sezvizvi, uye ndanga ndisingatarisisi gore iro ranga richiuya nguva yose iyi, munoziva, mhute ichiburuka. Ndakafamba ndichidzika, ndokudzika nomumupata mukuru uye ndokupinda mumaGiants, ndichitevera ingwe iyi. Ndakafunga kuti, “Ndichaibata mushure menguva shoma.” Ndaiona nzvimbo, ndomhanyira panzvimbo yakakwirira, ndotarisa kwose kwose saizvozvi, ndichidongorera, kuti ndione kuti ndingaiona here; ndonyatsotereresa, ndoti kwadada, ndofamba ndichidzika zvakare. Waikwanisa kunzwa kukwizirana, mberi kwangu chaiko, sokunge yaibuda. Maona, yaigumhira pamiti saka handina kukwanisa kuironda. Maona, yakanga yangwara, yakakwira mumiti ndokusvetuka kubva mumuti ichienda mune mumwe muti. Imomo yaiziva kuti handaigona kuironda. O, ndakafunga, “O, zvisinei!”

¹²⁰ Zvino ndakatanga kukwidza nemupata, ndokubva ndanhuwidza hwema hwechitsere, mukono wechitsere. Ndikafunga, “Ichi ndichachibata zvino, mukomana, zvakanaka izvi!” Ndakanhuhwidza zvakare, ndokufamba chinhambwe ndichienda mberi, ndokunyatsotarisisa kuti ndione zviratidzo zvese uye nezvose. Hapana chandakaona; ndakatendeuka, uye ndokudzika nerimwe divi regomo. Ipapo ndakabva ndatanga kuona, kwava kuita mhute shoma. Uye ndakanhuwidza zvakare, ndikanzwa hwema hwaro pane imwe nzvimbo mumhepo. Ndikati, “Kwete. Zvino, chii chaitika, mhopo yanga ichiuya *nokuku*, ini ndikauya. . . Hwema hwechitsere hwadzika huchiuya *nokoko*, zvino ini ndayambuka ndikatenderera zvino uye mhopo yava kubva nekudivi rimwe iri. Saka ndinofanira kudzokera pandafemedza chitsere ichi pokutanga, ndoritevera kubva ipapo.”

¹²¹ Zvino ndava kudzokera, ndakatarisa mhiri kwemupata, ndokuona makwenzi achizungunuka. Uye ndadaro, chimwe chinhu chitema chakafamba. Ndikafunga, “Ndicho icho.” Ndakaisa bara mupfuti, nechimbichimbi, ndokumira ndisingazununguki. Uye, payakadaro, yakanga iri nhoro huru, hombe chaiyo. Ndikafunga, “Ndiyo chaiyo yandanga ndichida, chaiyo.” Ndakapfura nhoro iyi.

¹²² Ndikafunga, “Zvakanaka!” Handina kumbocherechedza mhando ye. . . Nguva iyo pandakazopedza kuivhiya, ndakatarisa. . . ndokugeza maoko angu nokuvhara banga rangu, ndokuridzorera pakare. Uye ndakafunga, “Mwari ngaakudzwe! Maita, Ishe Jesu, Mandipa nyama yangu yenguva yechando. Mwari ngaakudzwe!” Ndokubva ndatora pfuti

yangu. Ndikafunga, “Ndichakwirazve nomupata uyu pano.” Ndikazviti, “Mukomana, chiona, dutu rava kuuya. Ndinofanira kubuda muno ndodzokera kuna Meda nevamwe.” Ndikati, “Ndinofanira kukurumidza.”

¹²³ Ndakakwira nomupata, ndokuvhura mabhatani ebhachi rangu hombe dzvuku, ndichimhanya ndichikwidza nomupata sezvizvi, ndichitenderera. Chokutanga chakaitika munoziva, ndakafunga, “Ini zvangu, ko ndakomukira ndava papi?” Mhepo yanga yava kutovhuvhuta, miti ichikwizirana. Ndokufunga, “Ko pandachaya kona ndapapi?” Ndatenderera. Ndi—ndinoziva kuti ndanga ndakanyatsonanga kuGomo reHurricane. Asi ndakamira, uye ndanga ndava kudikitira, ndokufunga, “Chii chanetsa pano? Ndanga ndafamba kwehafu yeawa, kana kuti maminiti makumi mana namashanu, asi handisi kuona panzvimbo pandakomuka napo.” Ndakatarisa mudenga, ndokuona nhoro yangu yakaremba. Ndakanga ndadzoka chaipo panzvimbo imwe chete iyoyo. Ndikafunga, “Zvakanaka, chii chandaita?”

¹²⁴ Zvakanaka, ndakatanga kuenda zvakare. Ndikafunga, “Iko zvino ndinosvika, ndanga ndisinganyatsocherechedzi chete.” Ndakatarisisa mafambiro angu ese kwese kwese, ndichitarisisa. Ndakaramba ndichitsvaka, ndichitsvaka, ndichitsvaka. Iwo makore achiuya, ndakaziva kuti dutu rechando ranga richiuya, mhute yakaremba, ipapo ndipo pandakatanga kuona. Ndakafunga, “Ndichaenda mberi zvishoma,” ndokuenda, ndichienda, ndichienda, ndichienda, ndichienda, ndichienda. Zvino ndakafunga, “Zvakanaka, zvinoshamisa izvi, zvinaita sokunge ndamboona nzvimbo iyi.” Zvino ndakatarisa, ndokuona nhoro yangu yakaremba. Maona?

¹²⁵ Munoziva kuti ndanga ndava pai? MaIndia vanochiti “chadzimira cherufu.” Maona, uri kufamba uchitenderera, uchitenderera nakutenderera. Zvakanaka, ndakanga ndafunga kuti ndiri mutungamiriri nyanzvi isingambogoni kurasika. Maona, hapana aifanira kundiudza zvomusango, ndaiziva nzira dzangu. Maona?

¹²⁶ Uye ndakatanga kuenda zvakare. Ndikati, “Handingaiti mhosho iyi.” Ndikaona ndadzoka zvakare.

¹²⁷ Ndakafamba ndichikwidza nomupata zvishoma, zvino kwakanga kwatanga kuvhuvhuta. O, ini zvangu, chando kwese kwese! Zvino kwanga kwava kutoda kutosviba. Uye ndakaziva kuti Meda waizofira musango usiku uhwo, wakanga asingazivi kuti unozvichengetedza sei. Uye Billy waiva namakore anenge mana okuzvarwa, makore matatu okuberekwa, achiri kamunhu kadiki. Zvino ndakafunga, “Vachaita sei?” Zvakanaka, ndasvika pane bindu rezvisora pakatandavara, ndokufunga, “Ndiri pane chimwe chibindu chakatandavara, asi handisi kuona chinhu, yose inongova mhute.” Ndanga ndava kungotenderera zvino.

128 Pane zvamazuva ose, ndakanga ndawana nzvimbo yokumbomira pairi, dai ndakanga ndine mumwe munhu. Ndaizomirapo ndomirira kusvikira dutu rapera, zuva rimwe kana maviri, ndozobudamo. Ndaicheka nhango yenyama panhoro...yaive shure kwangu, ndopinda mukati, ndodya, ndokanganwa pamusoro peizvi. Asi haungadaro, kuine mudzimai wako nemwana vari mumasango, vachiparara. Maona?

129 Saka ndakatanga kufunga, “Ndingaita sei?” Saka ndakati fambei mberi zvishoma. Uye ndakafunga, “Zvino, imbomira. Pandayambuka mupata wokutanga uyo, mhopo yanga ichindirova kumeso, saka ndinofanira kuva ndabva nokukuku. Ndinofanira kuenda nokukuku.” Uye ndanga ndatetereka muzasi umu mumaGiants, asi ndanga ndisingachazivi kuti ndiri papi. Ndikati, “O!” Ndakatanga kusagadzikana. Ndokubva ndati, “Imbomira kweminiti, Bill, hauna kurasika,” ndichiedza kuzvinyengera. Haugoni kuzvinyengera. Kwete, kwete. Hana yako yomukati inokuudza kuti wakanganisa.

130 O, iwe—iwe unoedza kuti, “O, ndakaponeswa, ndinoenda kuchechi.” Usanetseka zvako, mirira kusvikira wava panhovo yorufu, ndipo pauchazoziva kuti zvakasiyana. Hana yako inokuudza. Chimwe chinhu mukati mako chinokuudza kuti wakatsauka. Maona? Unozviza kuti kana ukafa haungagani kusangana naMwari mutsvene. SezvatakaMuona usiku hwapfuura, kunyangwe Ngirozi tsvene dzinofanira kufukidza zviso zvadzo kuti dzimire pamberi paKe. Ungazomira sei usina Ropa raJesu Kristu kuti rikufukidze?

131 Ndakafunga, “O, ndinosvika chete.” Ndakatanga kuenda. Ndokuona kuti pane chimwe Chinhu chandakaramba ndichinzwa. Ipapo ndakatanga kusagadzikana. Ndokubva ndafunga, “Zvino, ndikadaro, ndava kutopamuka-pamuka.” Kazhinji ndizvo zvinoita munhu kana arasika, anoita zvimeu zvimeu arimo musango. Ipapo anatora pfuti yake, ozvipfura; kana kuti anozvewisira mugoronga otoka gumbo rake, ogaramo, anofira imomo. Saka ndakafunga, “Saka ndichaita sei?” Saka ndakatanga kufamba ndichienda.

132 Uye ndakaramba ndichingonzwa chimwe Chinhu chichiti, “Ndini Mubatsiri anogara aripo munguva yokutambudzika.” Ndakaramba ndichingofamba.

133 Ndikafunga, “Zvino, ndinoziva kuti ndava kuita sendinopenga, ndiri kunzwa inzwi richitaura neni.” Ndakaramba ndichienda. Ndakaenda, “hwiu, hwiu, hwiu,” ndichiridza muridzo, munoziva. Ndikafunga, “handina kurasika. Unoziva pauri, mujaya! Waita seiko iwe? Haungarasiki. Uri—uri nyanzvi yomuvhimi, zvokuti hazvigoni kuti urasike.” Ndichizvitutumadza, munoziva, ndichizvinyengedza ndichidaro.

¹³⁴ Haugoni kuzvinyengedza. Muzasi *umu* mune vhiri duku rinenge richtitenderera, richiti, “Mukomana, warasika uye unozviziva kuti ndizvo zvawava. Maona, warasika.”

¹³⁵ Ndakaramba ndichifamba. “O, handina kurashika! Zvichanaka hazvo. Ndichaiwana nzira yokubuda nayo.” Zvinhu zvakatanga kuratidzika zvisinganzwisisiki, mhengo dzakanyarara. Chando chikatanga kunaya, chimvuramabwe, tinozviti “chichipfira mukunaya.” Ndikafunga, “Mudzimai nemwana! Handina ku. . .” Ndikafunga, “O, ini zvangu!”

¹³⁶ Ipapo zvakananga ndakaChinzwa zvakare, chichiti, “Ndini Mubatsiri aripo munguva yokutambudzika.” Uye ndakanga ndatova mushumiri weEvhangeri, ndichitoparidza ipo pano patabhenakeri.

¹³⁷ Saka ndakafunga, “Zvakanaka, ndoita sei?” Ndakamira, ndikatarisa kwose kwose, uye mhute yakanga yatodzika zvino. Ini. . . Ndozvazvakanga zvava. Pakanga pasisina chinogona kuitwa zvino. Ndikafunga, “O, ndoita sei?” Ndikafunga, “Changamire, handina kukodzera kurarama, ndakanyanya kuzviita nyakuziva. Ndakafunga kuti ndiri muvhimi, asi handisi.”

¹³⁸ Uye, hama, ndakagara ndichivimba naYe. Pakupfura, ndineumbowo hwakanyorwa nokuzikanwa uko. Uye somuredzi, handigoni, asi ndakagara ndichivimba naYe. Kupfura, handigoni kupfura, asi Iye wakandiita kuti ndizikanwe pasi rose pazviri. Maona? Kupfura nhoro, iri kure mazana manomwe, masere amayadhi. Ndine pfuti uko yakauraya mhuka dzesango makumi matatu neshanu pasina kupotsa kana bara rimwe chete nayo. Zviverengei izvo kwese kwese kwamungada, kana muchigona. Maona? Kwete ini, Ndiye. Ndakavimba naYe.

Hepanoi pandakanga ndava, ndichifunga “Ndoita sei? Ndoita sei?”

¹³⁹ Ndakaramba. . . Izvi zvakaramba zvichiswedera, zvichiswedera, “Ndini Mubatsiri aripo munguva yokutambudzika, Mubatsiri aripo.”

¹⁴⁰ Ndakafunga, “NdiMwari here uyu ari kutaura neni?” Ndakabvisa ngowani yangu. Ndakanga ndakadzika ngowani yangu yekupatirora nayo, ine hengechepfu tsvuku yakasungirirwa yakaipoterredza. Ndakaitsveta pasi. Ndokubvisa bhachi rangu, rakanga ratota. Ndakatsveta bhachi rangu pasi, ndokusendeka pfuti yangu pamuti. Ndikati, “Baba vari Kudenga, zvino ndava kuita zvinopfuirira zvamazuva ose, ndiri kunzwa inzwi richitaura neni. NdiMi here?” Ndikati, “Ishe, ndinobvuma pamberi peNyu kuti handisi muvhimi. Handisi, nda—ndashaiwa nzira yokubuda nayo. Munofanira kundibetsera. Handina kufanira kurarama, ndichiita zvinhu zvandaita, zvokuuya muno ndichifunga kuti ndinonyatsoziva kusvikira pokuti handingarasiki. Ndinokudai, Ishe. Mukadzi

wangu mudzimai akanaka. Mwana wangu, mwanakomana wangu mudiki, amai vake vakashayika, mudzimai uyu ari kuedza kuva amai kwaari, uye ndichangochata naye. Zvino heunoi muno, achiri mudiki, arimo musango, vachafa vese usiku huno. Mhepo iyo, ichaita kuti kunze kutonhore madhigirii gumi zasi kwezero, uye havazozivi kuti vorarama sei. Vachafa usiku huno. Musavarega vachifa, Mwari. Nditorei ndiende kwavari, kuitira kuti ndione kuti havafi. Ndarasika! Ndarasika, Mwari! Nda—ndashaiwa nzira yokubuda nayo. HaMungandibetserewo here? Uye ndiregererei, nokuda kwenzira yangu youndini! Hapana chandingagona kuita kana ndisineMi, ndiMi Mutungamiriri wangu. Ndibatsirei, Ishe.”

¹⁴¹ Ndakasimuka, ndokubva ndati, “Ameni.” Ndakatora hengechepfu hangu; ndokunonga bhachi rangu; ndokudzika ngowani yangu; ndokutora pfuti yangu. Ndikati, “Zvino ndava kuzvigadzirira nenzira yakanakisa yandinoziva yokuenda nayo, yandinonyatsoziva pakunzwisisa kwangu; uye ndichaenda ndakananga divi rimwe chete, nokuti pane pandiri kufamba ndichitenderera, handizivi kuti papi. Asi ndichaenda nzira yamunondiudza Imi, Ishe Mwari, Mutungamiriri wangu.”

¹⁴² Ndakatanga kufamba nenzira *iyi*. Ndikati, “Iyi ndiyo, uye ndava kuzozviita kuti nditende kuti ndiyo. Ndava kufamba nenzira *iyi*. Ndava kunanga nenzira *iyi*. Handisi kuzokona, ndiri kuenda nenzira *iyi*. Ndinoziva kuti ndiro gwara chairo. Ndava kuenda nenzira *iyi*.” Deno ndakaenda nenzira iyo, ndingadai ndakananga kuCanada. Maona?

¹⁴³ Ipapo ndakanzwa chimwe Chinhu chichindibata pabendekeke rangu, ruoko, zvaiita soruoko rwomunhu, nokukurumidza ndakacheuka kuti ndione. Pakanga pasina munhu wakanga akamira ipapo. Ndikafunga, “Changa chiri chii?” Herino Bhaibheri riri pamberi pangu. Mwari, Mutungamiriri neMutongi wangu, wakamira pano. Ndakatarisa mudenga. Ndakacheuka ndikatarisa nzira *iyi*, mhute iya yakanga yopera zvokuti ndaikwanisa kuona rusvingo pamusoro peGomo Hurricane. Pakukwanisa kwangu kwese kwokuvhima, ndakanga ndichitoenda kure naro, ndakatonanga kure naro, ikwo kwava kutotanga kusviba. Ndakakurumidza kutendeuka, ndichitanga kufamba ndakananga *sezvizvi*. Ndakabata ngowani yangu ndokusimudza maoko angu mudenga, ndikati, “Nditungamirirei ndisvikeko, Mwari, ndiMi Mutungamiriri wangu.”

¹⁴⁴ Ndakatanga kuenda. Ndakatanga kufamba ndakananga ndichikwidza zvikomo nezvose zvaivapo kuti ndisvikeko, gare gare. Zvino kwakachibva kwasviba. Nhoru dzaingosvetuka mberi kwangu, nezvose. Hakuna chimwe chandaigona kufunga pamusoro pachu kusiya kwokuti ndingofamba ndakananga nzira imwe chete, ndichikwira gomo iri.

¹⁴⁵ Uye ndaiziva kuti kana ndaikwanisa kusvika kurusvingo, VaDenton neni...Ini ndakavabatsira kusungirira waya muchirimo changa chapfuura. Takasungirira waya yefoni kubva kuGomo Hurricane, tichidzika mamaira matatu nehafu kana kuti mana, tichidzika kusvika kumusasa. Yaidzika ichitevera kanzira kadiki, asi, nechando changa chavapo, hawaigona kuona kanzira aka. Maona? Uye mhopo ichivhuvhuta nezvose, ikwo kwanga kwasviba uye chando chichinaya, zvichidaro, hawaigona kuziva pauri. Zvakanaka, chinhu chimwe chandaiziva kuita, pakwainge kwasviba, zvino ndanga ndisingazivi...Ndinoziva kuti ndanga ndichienda nzira imwe chete, uye ndichikwidza gomo. Apa ndinofanira kuva ndanga ndakananga ndichikwira gomo, uye rusvingo rwakanga rwuri pamusoro chaipo pegomo, uye panga pane mamaira matanhatu kuti ndisvikeko. Imbofungai, mhute iya yava kupera, mamaira matanhatu, pangaita buri rimwe chete, rokuti ndikwanise kuriona!

¹⁴⁶ Uye zvino nda—ndakabata pfuti yangu neruoko *urwu*, ndokusimudza ruoko *urwu*, nokuti ndakanga ndarovera wa—waya pamiti saizvozvo ichidzika, waya dzefoni dzichienda kukaimba kematanda, kuitira kuti iye akwanise kutaura nemudzimai wake, uye agokwanisa kufona kubva ikoko, kubva kugomo. Uye ndanga ndichizomubatsira kuibvisa mushure mokukohwa. Zvino ndanga ndakasimudza ruoko rwangu *sezvizvi*, ndichiti, “O Mwari, regai ndibate waya iya.” Ndofamba, ruoko rwangu rwaizovika pakupisa chaizvo, rwoneta, zvokuti ndaitadza kuramba ndakarumudza, ndobva ndarudzikisa. Uye ndaibva ndachinja pfuti ndoisa mune *urwu*; ndodududza zvishoma kuti ndive nechokwadi kuti handiipotsi, ipapo ndosimudza ruoko rwangu, ndotanga kufamba, ndichifamba. Nguva yanga yava kupera, kwasviba, mhopo ichivhuvhuta. O, ndaigona kubata davi, ndoti, “Ndaibata! Kwete, haisiyo.” O, zvaindipa... Usazvitendera kuti zvipe ruzha rusinganzwisiki.

¹⁴⁷ Mushure mechinguva, ndagadzirira kuregera, ruoko rwangu rwakabata chimwe chinhu. O, ini zvangu! Ndanga ndawanikwa, apo ndanga ndarasika. Ndakabata waya iyoyo. Ndakadonhesa pfuti pasi chaipo, ndokubvisa ngowani mumusoro mangu, ndokumira ipapo. Ndikati, “O Mwari, manzwiro akadii aya okuwanikwa, apo wanga warasika.” Ndikati, “Panoperera waya iyi, handisi kuzomboiregedza. Ndicharamba ndakabata waya iyi. Ichanditungamirira chaiko kune zvinokosha kwandiri panyika ino yose, zasi uko. Mudzimai wangu nemwana, vari kunetseka, vasingazivi kuti ndiripi, vasingazivi kuti vangavesa moto sei, vasingazivi zvokuita, uye mhopo dzichivhuvhuta, uye twumatavi twuchigurika nokuwa kubva pamiti.” Handaimbogona kuregedza waya iyoyo. Ndakaibata waya iya ikanditungamirira kusvikira ndasvika kune zvaikosha kwandiri panyika.

¹⁴⁸ Chakava chiitiko chakaipisisa, uye chiitiko chikuru chokuwana nzira yangu yokubuda nayo, asi chakanga chisiri hafu yazvo. Rimwe zuva ndakanga ndakarasika muchivi. Ndakaenda muchechi ndabva mune imwe chechi, ndichiedza kuwana chimwe Chinhu. Ndakaenda kuSeventh Day Adventist, vakandiudza kuti, “Chengeta Sabata, usadya nyama.” Ndakaenda uko kuchechi yeBhapatisti, chechi yeBhapatisti yokutanga, akati, “Ingosimuka uvataurire kuti unotenda muna Jesu Kristu Mwanakomana waMwari, zvino ndichakubhabhatidza, ndizvozvo.” Hapana chakanga chiripo apo. Asi rimwe zuva, kunze uko mushedhi yemarasha diki, ndakasimudza maoko angu mudenga, ndikabata chimwe Chinhu; kana kuti, regai nditi, chimwe Chinhu chakandibata. Yaiva waya yeUpenyu, Mutungamiriri. Uye wanditungamirira kusvikira pano, handisi kuzoregedza Waya iyoyo. NdakaMubata namaoko angu. Zvitendwa, masangano ngavaite zvavanoda, ini ndakabata Mutungamiriri. Nokuti zvose zvakambova panyika nezvose zviru Kudenga, zvinokosha kwandiri, zviru panoperera Waya iyi. Wakanditungamirira ndakachengeteka kusvika pano, ndichavimba naYe nzira yose. “Kana Iye Mweya Mutsvene wauya, Achakutungamirirai uye nokukungamirirai mune zvose. . .”

¹⁴⁹ Shamwari, Zvandsivitsa pandava nhasi. Zvakandiita zvandiri. Ndinogona kukuzivisai Chinhu ichi nomufaro. Ndiye Mutungamiriri chete wandinoziva pamusoro pake, wepanyika pano kana kumusoro Uko. Ndiye Mutungamiriri wangu pandinoenda kundovhima. Ndiye Mutungamiriri wangu pandinoenda kunoraura. Ndiye Mutungamiriri wangu pandinotaura nomumwe munhu. Ndiye Mutungamiriri wangu pandinoparidza. Ndiye Mutungamiriri wangu pandinovata.

¹⁵⁰ Zvino pandichasvika pakufa, Anenge akamira parwizi. Achanditungamirira ndichiyambuka nzira. “Handingatyi chinhu, nokuti Imi muneni. Tsvimbo yeNyu nemudonzvo weNyu, zvinondigadzirisa uye dzinonditungamirira kuyambuka rwizi.”

Ngatinamatei.

¹⁵¹ Baba voKudenga, ndinotenda chaizvo nokuda kwoMutungamiriri, Uyo Anonditungamirira. O, dzimwe nguva, Baba, pandinenge ndisingaMunzwi pedyo neni, ndinovhonduka. NdinoMuda pedyo neni nokuti handizivi nguva yandichamhanya kusvika parwizi. NdinoMuda kuti ave pedyo neni. Musambondisiya, Ishe. Handigoni kutaura, handigoni kuparidza, handigoni kuvhima musango, handigoni kuraura pamahombekombe, handigoni kutyaira motokari yangu, hapana chandinogona kuita ndisineMi. Ndimi Mutungamiriri wangu. Ndinofara sei kuudza ungoro iyi usiku huno, kuti Imi makanditungamirira sei muzvinhu zvose izvi, kuti Makandisvitsa kuno!

152 Ndakanga ndichifunga rimwe zuva; makore mashoma apfuura, ndakamira zasi uko mumugwagwa, uye nokuti vemhuri yangu vaiita zvisakarurama, hapana waida kutaura neni. Ndaishuvira kuyanana. Hapana waida kuwana chokuita neni. Vaiti, “Baba vake chidhakwa.” Uye, Ishe, ndakaona kuti hapana waizombotaura neni. Uye ndinoda vanhu. Asi rimwe zuva pandakabata Waya iya! Zvino ndinofunga, Ishe, ndinofanira kumbobva ndombonogara musango ndizorore zvisihoma. Chii chakazviita? Hausi hunhu, haisi dzidzo; handina izvi. Asi ndiMi, Ishe. Imi, Ishe. Makandiita kuti ndipfure chandakananga, makandiita kuti ndibate hove huru, nokuti Munoziva kuti ndizvo zvandaida kuita. Makandipa vanababa navanamai. Makandipa hama nehanzvadzi. Makandipa utano hwangu. Makandipa mudzimai. Makandipa mhuri. Muri Mutungamiriri wangu, Ishe. Regai ndibate ruoko rweNyu, musandiregera ndichirwuregedza. Kana rumwe rukaneta, ndinongoshandura maoko. Ndibatsirei, Ishe.

153 Uye zvino dai mumwe nemumwe wevari muno abata Waya iya imwe chete yeUpenyu, Ishe, Mweya Mutsvene unova Upenyu hwedu, chinopa-Upenyu. Uye dai Ukatitungamirira tese kuNyika iyo izere mufaro, uko matambudziko oupenyu anenge apera uye basa redu rapanyika raitwa, uyezve panenge pasisina kuchembera, pasina vanhu vane utera, pasisina usiku huzere kuneta, pasisina kuchema nokunamata, pasisina kudanwa kuaritari, asi tinenge tava vechidiki ikoko nokusingaperi, pasisina kurwara nokusuwa. Panenge pasisina chivi, uye ticharama mukururama kwaMwari mumazera ose ari kuuya, muZienda nakuenda risingagumi. Tigashidzei izvi, Baba.

154 Uye zvino, Baba, kana aripo pano usiku huno asati ambobata waya yoUpenyu iyi, dai vakaIwana izvozvi. Uye dai Mweya Mutsvene Uyo wakatungamirira . . . Uye ndinogona kuti kubva mumwoyo mangu, ruoko rwangu rwakabata Shoko reNyu, Akagara akangorurama. Ini ndinokanganisa nguva zhinji. Asi Iye akarurama. NgaAgare neni, Ishe. Ngandigare naYe. Uye dai vamwe muno, vasati vaMuziva usiku huno, dai vakabata ruoko rwaKe rwusingashanduki, kuti vatungamirirwe vachienda.

155 Uye rimwe zuva tichasvika parwizi. Pachange pane mhute mangwanani iwawo, zvakare. Nyanza yekare ichange ichidzvoa, Jorodhani rwekare, zvinotyora zvichirova, rufu ruchikosoresha upenyu uchibuda matiri. Asi, Mwari, ndi—ndinenge ndisingatyi. Ndakazvigadzirisa izvi kare kare. Ndinoda kubvisa ngowani yesimbi, somurwi, ndotendeuka, ndotarisa ndichitevedza nzira ndichiona kuti Waya iyi yakanditungamirira kusvika papi. Ndoona sango randakapinda nemariri, uye pese paiva norukato, nemirwi yamatombo yakandikuvadza, asi ndichiramba ndakangobata Waya. SezvaMakataura, mudetembi ndiye akadaro, “Vamwe nomumvura, uye vamwe nomumafashamo, vamwe nomumiedzo

yakadzika, asi vose nomuRopa.” Uye ndinoda kutora Uyu, Munondo uyu wekare, wakandichengetedza munzira, ndoUdzorerera mumuhara waWo, ndodaidzira, “Baba, tumirai igwa mangwanani ano riyambuke, ndava kuuya kumusha.” Munenge muripo, Ishe. Makazvivimbisa. Hamungakundi.

¹⁵⁶ Ropafadzai munhu wose ari muno zvino. Uye kana vasingazivi kuti vanobata sei Waya iyi, uye vasina kumboIbata, dai maoko matsvene asimudzwa zvino, maoko anotsvaka, maoko anoshuva, abate waya yeUpenyu ichavatungamirira kuzvishuvo zvemwoyo yavo, rugare rwakakwana nokugutsikana, zororo muna Kristu.

¹⁵⁷ Takakotamisa misoro yedu, pane maoko here angasimudzwa achiti, “Nditenderei. Ndibatei ruoko rwangu”? O, Mwari ngaakuropafadzei.

Kana nzira yava kunetesa, Ishe vanokosha,
garai pedyo,
Kana upenyu hwangu hwopera;
Ndichamira parwizi, tungamirirai tsoka
dzangu, batai ruoko rwangu,
Torai ruoko rwangu, Ishe munokosha,
nditungamirirei.

¹⁵⁸ Angavapo here mumwe asimudze ruoko rwake, ati, “Ishe, ndinoda kubata Waya Iyi yoUpenyu usiku huno. Ndinoda kunzwa kuti Kristu waregerera zivi zvangu, uye ndinoda kuva chisikwa chitsva kubva paawa ino zvichienda mberi”? Mwari akuropafadze. Angavapo here mumwe anoti, “Regai ndikubatei, Ishe. Regai ndirashikirwe neni”? Mwari akuropafadze, hanzvadzi. “Regai ndirasikirwe neni, ndizozviwana, ndiri maMuri, Ishe.” Mwari akuropafadze, uye Mwari akuropafadze. Ndizvozvo. “Regai ndirasikirwe neni, Ishe. Regai ndikanganwe.” Mwari ngaakuropafadze, hama. “Regai. . .” Mwari akuropafadze, hanzvadzi. “Regai ndirasikirwe nezivo yangu yose.” Mwari akuropafadze, hanzvadzi. Musavimba nezviringwa zvakaaitwa navanhu. Teverai Mutungamiriri, Achakutungamirirai muZvokwadi yose. “Nditungamirirei, Ishe Jesu, nditungamirirei.” Mwari akuropafadze kumashure uko. O, pane maoko mazhinji asimuka, achida ruponeso. Zvino taka. . .

¹⁵⁹ Aritari pano, haungagoni kudaidza vanhu kuaritari, nokuti vanhu vakagara pose pairi. Asi Iye aripo. Unoziva zvakanaka uye nemazvo, kuti pawasimudza ruoko rwako, chimwe chinhu chaitika mumwoyo mako. Jesu akati, “Uyo unonzwa mashoko aNgu akatenda mune Uyo wakaNdituma, ane Upenyu husingaperi.” Munoreva here izvozvo? Zvino pano pane dziva rakazara mvura. Pane nguva yakawanda yokubhabhatidza. Ngatinamatei.

¹⁶⁰ Baba vedu voKudenga, Mharidzo diki iyi usiku huno yakatyokatyoka yaparidzwa nenzwi rakashoshoma, Mweya Mutsvene unofanira kuva wabuda ukaenda pane imwe nzvimbo. Waenda pawanga wakafanira kuenda, uye pane vazhinji, Ishe, usiku huno, gumi navashanu kana makumi maviri vasimudza maoko avo, vachiti vanoda Mutungamiriri. Vaona kuti vari kuedza kuzvinyengedza. Vari kuedza kuti “Zvakandinakira,” asi pakadzika pavo vanoziva kuti hazvina kudaro. Uye vanoda kukubatai Imi, Ishe. Vanoda Mutungamiriri. Vanoda kuzvibatanidza. Hamuzomboti vawandisa. Vanoda kuzvibatanidza murwendo urwu. Havazivi kuti vanosvika ikoko sei. Hapana munhu anoziva kuti ungavasvitsa ikoko sei; Ndimi bedzi. Vari kuuya kuMutungamiriri wakapiwa naMwari, Mweya Mutsvene. Vasimudza maoko avo.

¹⁶¹ O Mweya Mutsvene noMutungamiriri, burukai pakati pavo. Regererai chivi chose. Regererai kudarika kwavo. Vatorei muvaise muMutumbi waKristu usiku huno, umo vanogona kunzwa kufamba kwaMwari kunofamba nomuWaya ichavatungamirira kusvikira kuJorodhani, nokuyambuka Jorodhani kuenda kuNyika yechipikirwa. Dai vakatevera chaimo mumashure meShoko. Shoko rakati, “Tendeukai, mugobhabhatidzwa muZita raJesu Kristu.” Dai vakasaedza imwe nzira. Dai vakatevera zvizere kumashure kweShoko, nokuti Ndiro rinotungamirira. Ndi—ndiwo matanho atinokwira nawo kusvikira tabata Mutungamiriri. Tipei izvi, Ishe. Dai vakava veNyu. Vari mumaoko eNyu, semikombe, hapana munhu anogona kuvabvisamo. Ndinotenda kuti muchavatora Imi, sevanhu vaponesa. Ndinotenda kuti vasimudza maoko avo, havaigona kungozviita mavari pasina kuti chimwe Chinhu chataura navo. Ndimi, Mweya Mutsvene neMutungamiriri.

¹⁶² Vaona nguva ichiswedera, mhute iri kuuya pamusoro penyika, zvitendwa zvikuru ne—nezvinhu zviri kubatana pamwe chete, chechi dzichibatana, dzichiuya pamwe chete. Uye, O Mwari, vari kuedza sei kuti, “Vose vanoita zvakasiyana vachafanira kubva muno vachienda kuAlaska.” Uye zvinhu zvose izvi zvavari kutysisidzira nazvo izvi, hazvisi zvisva kwatiri, Mutungamiriri mukuru watiratidza nzira yeShoko. Tiri kungopfuura nomuchikamu icho chaRo.

¹⁶³ Baba, Mwari, makataura navo usiku hwapfuura, zvino ndinovapa kwamuri semikombe yeShoko. MuZita raJesu.

¹⁶⁴ Zvino, patafura pano, Baba, pane hengechepfu, dzevanhu vanorwara, mumwe mucheche, dzimwe nguva, vamwe amai, imwe hanzvadzi, imwe hama; kunyange zvipeneti zvevhudzi zvakasungirirwa paari. Zvino ndadzibata ndikadzimbundikira. Zvino, tinodzidziswa muBhaibheri kuti kubva pamutumbi waPauro vakatora hengechepfu nemaapuroni, vanorwara vakapora, madhimoni akadzingwa kubva muvanhu. Zvino tinoona, Ishe, kuti Pauro waiva munhu, waingova munhu. Asi

chizoro choMweya Mutsvene chakanga chiri pamusoro pake ndicho chakaropafadza hengechepfu, uye kutenda kwavanhu kwavaiva nako kwokuti waiva muapostora weNyu. Zvino Pauro wakabviswa kubva kwatiri, asi kwete Mutungamiriri, Uyu Achiri pano. Uye, Mwari, ndinonamata kuti Muropafadze hengechepfu idzi, uye dai Mutungamiriri avatungamirira kuvasvitsa panzvimbo, pavanozviregedzera zvizere.

¹⁶⁵ Tinoudzwa zvakare kuti apo Israeri yaitevera Mutungamiriri wavo, uye vakasvika zasi uko kuJorodhani chaiko, zasi (ndinoreva) kuGungwa Dzvuku. Vari mumutsetse chaiwo wokuita basa rakafanira vakamiswa, uye Mutungamiriri ndiye akavatungamirirako. Chii? Kuitira kuti aratidze kubwinya kwaKe. Zvino tariro yese payakanga yapera, Mwari wakatarisa pasi nemuShongwe yoMoto, zvokuti chero gungwa rakafa rekare rakatya rikavhurika, pakava nenzira yakagadzirirwa Israeri kuti iyambuke ichienda kunyika yechipikirwa.

¹⁶⁶ Zvirokwazvo, Ishe, Muchiri Mwari mumwe chete. Vanhu ava pamwe maKristu, pamwe vari munzira chaiyo yebasa, asi pamwe vapinzwa panzvimbo ino mukona nourwere. Tarisai pasi nomuRopa raJesu usiku huno, Dhiyabhorosi uyo anobva atya, odududza, vana veNyu vopfuura voyambuka kuenda kuhutano hwakanaka. Tipei izvi, Baba. Ndindozitumira kubva pamutumbi wangu kuenda kumitumbi yavo, muZita raJesu Kristu.

¹⁶⁷ Ndinosimudza ungoro iyi pamberi peNyu, nekutenda ndinovatora ndovaisa paaritari inobwinya yaMwari iko Kudenga. Kuitira chishuvo chese cheurwere, chose chavainacho chakakanganisika, chose chavakakanganisa muopenyu hwavo, Mwari, vachenesei, vaitei veNyu. Vapodzei, Baba. Uye dai Simba rakamutsa Jesu kubva muguva, ramutsa mitumbi yavo inofa nokuvaita zvisikwa zvitsva munaKristu. Vapei hutano hwakanaka nesimba rokuKushandirai.

¹⁶⁸ Ndirangarirei, O Ishe. Ndiri muranda weNyu. Ndiribatsirei, ndinoda munyengetero. Uye ndinonamata kuti Mweya Mutsvene utitungamirire nokutishandisa, nokutitungamirira kusvikira zuva iro tinoona Jesu Kristu chiso nechiso paKuuya kwaKe kunobwinya apo tinosangana naYe mudenga paKubvutwa. MuZita raKristu tazvikumbira. Amen.

NdinoMuda, ndi . . . (Ko iwe?)
 Nokuti Wakatanga kundida
 Akabhadhara ruponeso rwangu
 Pamuti weKarivhari.

¹⁶⁹ Zvino, kana musingadanani nevamakaona, ungoroMuda sei Uyo wausina kumboona? Zvino patinoimba *NdinoMuda*, ngatikwazise ari pedyo nesu nemwoyo wose kwaziso yorudo.

NdinoMuda, . . .

[Hama Branham vanokwazisana nevakavapoteredza—Mupepeti.] Mwari ngaakuropafadzei, Hama Neville. [Ungano inoenderera mberi nokuimba.]

Pamuti weKarivhari.

Zvino ngatisimudzei maoko edu kwaAri.

NdinoMuda, ndinoMuda
Nokuti Wakatanga kundida
Akabhadhara ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

¹⁷⁰ Kuitira rwiyo rwakanaka, munoda here kurunzwa? Ndanzwa kuti tine muvhangeri muimbisi wabva kuIndianapolis. Ndinotenda anoimba paTabhenakeri yeCadle. Ndizvo here? Zvakanaka, changamire. Ndiko kwaanobva paTabhenakeri yeCadle. Vangani vanorangarira E. Howard Cadle? O, ini zvangu! Mwari ngaazorodze mweya wake unokosha. Shiri inorira zvinonakidza mudenga, mudzimai wandaifarira kunzwa achiimba, zvinopfuura potse potse munhu wose wandakanzwa achiimba muupenyu hwangu, ndiAmai Cadle, vachiimba, “Usati wabva kumba kwako mangwanani ano wafunga here kunamata muZita raKristu Muponesi wedu, seNhovo nhasi?”

¹⁷¹ Kumhiri chaiko kwemugwagwa mamwe mangwanani, muimba diki yakare ina makamuri maviri, ndakamuka, ndichida kupindamo kundovesa moto. Chitofu chakaramba kupfuta. Ndikaedza kuuvesa, mhengo ikauya, ndokuufuridzira kumeso kwangu. Uye kwaitonhora, uye ndakanga ndava pedyo kutogwamba nechando. Chando chakanga chakapararira pasi pose, ini ndisina shangu; ndichiedza kuvesa moto mumbaura iyi, yaiva nepombi yehovhoni pairo. Uye ndaka... Meda neni tanga tichangochata. Uye ndanga ndichiedza, huni dzanga dzakanyorova saka dzakanga dzisingapfuti, saka ndakanga ndakagara ipapo, ndikafunga, “O, ini zvangu! Ndichauedza zvakare.” Ndaifanira kuenda kubasa, saka ndaifumha mbaura iyi saizvozvo. Zvino ndakasveerera ndikabatidza radio, mudzimai uyu ndokubva atanga kuimba, “Usati wabva kumba kwako mangwanani ano, wafunga here kunamata,” ndakabva ndangopfugama pasi, “muZita raKristu Muponesi wedu, seNhovo nhasi?” O, ndinoda sei kunzwa mudzimai uyu achiimba!

¹⁷² Pandichayambuka rwizi imwe nguva, ndinotenda kuti ndichanzwa Amai Cadle ndakagara mhiri ikoko. Munoziva, takagara takafanorangana. Kudivi iro rerwizi, pane Muti unogara wakasvibira, munoziva, Muti weUpenyu; uye mhiri uko kwerwizi, kune kwaya yaVatumwa vanoimba masikati neusiku, nokuti hakuna usiku ikoko, vanoimba zuva rese, maona. Ndichazvitsvakira nzvimbo pandichagara kuti nditerere kuimba uku. Ndinotenda ndichanzwa Amai Cadle ikoko vachiimba.

¹⁷³ Mwari aropafadze hama yedu. Ndakanganwa zita ravo. Rinonzi ani, hama? [Hama inoti, “Ned Woolman.”—Mupepeti.] Hama Ned Woolman vachakuimbirai zvino. Hama Woolman, tine mufaro kuva nemi usiku huno. [Hama Woolman vanoimba *Tembere Yemwoyo Wangu.*]



MUTUNGAMIRIRI SHO62-1014E
(A Guide)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu neSvondo manheru, 14 Gumiguru, 1962, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2012 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org